Къэралыпсоми я пролетархэ, фызэгухьэ!

ЛЕНИН ГЪЭУ

Ленинский путь

ГАЗЕТЫР 1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

КПСС-м И КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР ОБКОМЫМ, КъБАССР-м И СОВЕТ НЭХЪЫЩХЬЭМ, МИНИСТРХЭМ Я СОВЕТЫМ Я ОРГАН

ОРГАН КАБАРДИНО-БАЛКАРСКОГО ОБЛАСТНОГО КОМИТЕТА КПСС, ВЕРХОВНОГО СОВЕТА И СОВЕТА МИНИСТРОВ КБАССР

№ 70 (16.961).

1990 ГЪЭМ АПРЕЛЫМ И 10, ГЪУБЖ

Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ

И уасэр кІэпІейкІи 3 тт.

НОБЭРЕЙ НОМЕРЫМ:

- КЪАЛЭ, РАЙОН ПАРТ КОНФЕРЕНЦХЭМ
- ЗАУЭЛІ ХАХУЭУ ЩЫТАЩ
- ДЖЭРПЭДЖЭЖ
- ПСАЛЪЭМАКЪХЭМ Я ПІЭКІЭ
- УИ ХЭКУ УИМЫСЫЖЫНЫР ТХЬЭМЫЩКІАГЪЭЩ
- БЭЗР ЛЪЭПКЪЫМ И ГЪУДЖЭЩ
- АДЫГЭ КЪАФЭМ ДУНЕЙР ІЭГУ ХУОУЭ
- ШХАПІЭР КЪЫЗЭІУАХЫЖАЩ
- ДУНЕЙР НОБЭ

ДЭНЭКІИ КЪИКІЫУ

РАЙОН КОМИТЕТХЭР ЗЭХУАЩЫЖ

КАЛУГЭ. Партым и къалэ комитетымрэ район комитетищымрэ Калугэ щрагъэкІуэкІа пленум зэгуэтым унафэ къыщащтащ парт организацэхэм я лэжьыгъэр зэраунэтІыныр зэрахъуэкІыну. Япэрауэ, къалэм и кІуэцІкІэ щыІэ партым и район комитетхэр зэхуащІыж. Абыхэм я къалэныр и пщэ дилъхьэжыныщ къагъэщІэрэщІэжа къалэ комитетым. Райкомхэм я аппарат зэбграутІыпщынІыжхэм я хьэкъкІэ пэщІэдзэ парт организацэхэр ягъэбылэнущ. Ауэ къалэр районкІэрэ гуэшауэ къагъэнэж. ЩІыпІэ Советхэм я щІыхубэ депутатхэр щыхахам къингэлъэгъуащ къалэм щыІэ властым и зэхэлъыкІэр, къэгъэнэжын зэрыхуейр.

ІЭМАЛ КЪИТЫНУЩ

КИШИНЕВ. Республикэм и правительствэм и унафэкІэ мыбы щатхащ Молдавием и мэкъумэщыщІэхэм я союз. А общественнэ формированэщІэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ къалэдэсхэм елъытауэ гугъу нэхъ ехьу псэу къуажэдэсхэм социальнэ я лъэныкъуэкІэ зыхуейхэр ягъуэтыныр къызэгъэпэщыныр. Союзым и председатель Х. Андреевым къызэрилъытэмкІэ, апхуэдэ организацэ къызэрызэрагъэпэщам Іэмал къитынущ мэкъумэшыщІэхэм я тхьэусыхафэр нэхъ зыхахыу щытынымкІэ, къуажэм и Іуэхухэм гулъытэ нэхъ ягъуэтынымкІэ. Мыдрейуэ, социальнэ захуагъэр зэфІэгъэувэжыныр сэбэп хуэхъунущ Молдавием щыхуу щыпсэур ерыскъыкІэ нэхъ нэсу къызэгъэпэщыи папщІэ природнэ ресурсхэр сэбэпынагъ нэхъ пылъу къэгъэсэбэпыным.

(ТАСС-м и корр.).

ЩІэпхъаджагъэм ебэныныр ягъэлъэщ

Шагъыр къызыхащІыкІэр Азербайджанскэ ССР-м и шагъыр заводхэм щызэхэзыдгъэуэ гупхэр сатей къащІащ икІи къаубыдащ СССР-м и МВД-м зэщІэгъэуІуа гупхэм ялэжь щІэпхъаджэм ебэныпымкІэ и управленэм и лэжьакІуэхэм, Саратовскэ областым я УКГБ-р и гъусэу. Щыхуу лажьэ пчхтхум зэрызэрэ конькиэ щащІыгъ икІи апхуэдэхэу сом мелуан пІлыо я уасэ ящащ.

— Нэхъе блэкІам ди подразделенэхэм уголовнэ розыскымрэ ОБХСС-мрэ я лэжьакІуэхэр я гъусэу щІэхъаджащІэ гупхэу 1.310-рэ къыщІагъэщащ, — жеІэ ССР-м и МВД-м и управленэм и начальник А. Гуровым. — ЩІэпхъаджащІэхэр нэхъ бзаджэ, нэхъ гуІэгъуэ махуэхэр хабзэм и хъумакІуэ къэрухэм нэхъ ткІийуэ зыбыцІацІэ.

Псом хуэмыдэу нэхъ шагъыр зэрэщІэщІыгъуэр «боевикІэ» лажьэхэр. ЩІэпхъаджащІэ гупхэм я лэжьакІуэхэм я гъусэу ягъэкІуэдащ Саратовскэ областым и УКГБ-м и Къэрал къулыкъущІапІэ-гъэпсыкІэ ІофшІэнхэмкІэ и управленэм и начальник, полковник Ю. Ивановыр, Саратовскэ областым и УКГБ-м и Къэрал къулыкъущІапІэ-гъэпсыкІэ ІофшІэнхэмкІэ и управленэм и оперативнэ-тактическэ группэм и начальник, майор

ЖЭУАПЛЫНЫГЪЭНШЭМ КЪРИЖIУАЩ

Хъыбар зэрыщыIащи, 1990 гъэм мартым и 14-м Налшык «Продторг» конторэм и сату объединенэ № 1-м и щIыIалъэм аммиакыр къикIащ икIи абы ирихьэлIэу щIыIалъэм щIэта щIыхунбгъум ящыщу хыр лIащ, щIыхуищыр хьэлъэсымалжэщым ящащ. КПСС-м и обкомыр, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумыр, Министрхэм я Советыр яхущыхъуащ лIахэм я унагъуэхэм, я Iыхьлыхэмрэ я благъэхэмрэ. Аммиакыр къыщIикIам и щхьэусыгъуэр къэхутэн, щIэщхьум кърикIуахэр игъэзекIуэжыну и къэлэну правительственнэ комиссэ къыздрагъэпэщащ КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и Председателым и заместитель Чеченов Хь. Хъу. и Iэтащхьэу.

Комиссэм иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къарикIуахэм ткIийуэ щытепсэлъыхьащ республикэм и Министрхэм я Советымрэ облсовпрофымрэ зэщIыгъуу ящрелым и 5-м ирагъэкIуэкIа заседанэм.

Заседанэм къэхъуам теухуауэ къыщыпсэлъащ прапительственнэ комиссэм хэт. КъБАССР-м и Министрхэм я Советым ухуэныгъэмрэ ухуэныгъэ комплексым лэжьыгъэр щызэдэунэтIынымкIэ и отделым и унафэщI БатI С. Хь. Белджылы къызэрыхъуамкIэ, аммиакыр къыщикIа дакъикъэм щIыIалъэм уэсыр къыщIалхыу щIыхуи 9 щIэтащ — лоточницэу ирэ зы экспедиторрэ. Предприятэм иIанъым щIыхухэр зэрахъумэн Iэмэпсымэ, абы къыхэкIыуи щIыхухэр аммиакым ауцIэIа щIыIалъэм къыщIашыфакъым.

Къэпщытэныгъэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, щIыIалъэм уэсыр къыщIэхыныр я къалэну икIи я лэжьыгъэу щытакъым абы щIэта щIыхухэм. Ар дэнэ къэна, ахэр щагъэгъуэзакъым щIыIалъэм зэрыщылажьэн хуей щIыкIэм, жрагъакъым аммиакыр зэрызекIуэ бжьамийэм яхуэсакъын, абыхэм аммиакыр къарыкI хъужыкъуэмэ, щIыIалъэм къыщIэкIын зэрыхуейр. КIэщIу жыпIэмэ, объединенэм и унафэщI лэжьакIуэ зыбжанэр я къалэнхэм жауаплыныгъэншэу бгъэдэту къыщIэкIащ.

Заседанэм ткIийуэ къыщыжаIащ «Продторг» конторэм производственнэ, технологическэ дисциплинэр икъукIэ зэрыщылъахъшэр. Лэжьыгъэр хъумэнымрэ абы шынагъуэ хэмылъынымрэ теухуа Iуэхугъуэхэм ямызэгъуэ пыщIауэ щымытыныр къаIэрыфIэмыIуэхум, унафэщIхэр, предприятэхэмрэ организацэхэмрэ лэжьыгъэр шынагъуэншэу къызэрыпэщIэувыIэну. Налшык «Продторг» конторэм и сату объединенэ № 1-м и директорым мыIэу къызэпиудащ лэжьыгъэм теухуа законодательствэр, амминкIэ лажьэ щIыIалъэхэр гъэлэжьэн зэрыхуей щIыкIэхэр, хэсакъым цIыхухэм я гъащIэмрэ узыншагъэмрэ. «Продторг» конторэм и управляющэм и заместитель Хужьокъуэ Н. М. зэрихъакъым сатум и IэнатIэм лэжьыгъэр шынагъуэу щымытыным, абыхэм цIыхухэм я дежкIэ шынагъуэ щымыIэным теухуа Iуэхугъуэхэр. Конторэм и управляющэ БытIэ Н. Хь. щIыIалъэхэр къэбгъэсэбэп зэрымыхъуным теухуа приказхэр къыдигъэкIа мыхъумэ, ахэр гъэзэщIа зэрыхъум кIэлъыплъыжакъым.

Заседанэм ткIийуэ щатепсэлъыхьащ КъБАССР-м Сатумкlэ и министерствэм, абы и коллегием, министр Шагъыр М. Хь., министрым и заместитель Джэрий Хь. С. сымэ я къулыкъум теухуа къалэнхэр нэсу зэрамыгъэзащIэм, лэжьыгъэм шынагъуэ пыщIауэ щымытыныр къаIэрыфIэмыIуэхум, унафэщIхэр, предприятэхэмрэ организацэхэмрэ лэжьыгъэр шынагъуэншэу къызэрыпэщIэувыIэ щIы

КЪАЛЭ, РАЙОН ПАРТ КОНФЕРЕНЦХЭМ

Зэхъуэкlыныгъэр тыншу екlуэкlыркъым

Инщ иджыпсту къэралым и мызакъуэу, партми къышхъу зэхъуэкlыныгъэхэр. Дэпэкlэ парт организацэхэм я лэжьыгъэр, абыхэм я Iуэхущlафэхэр щlыхухэм нэхъыбэу къызэралъытэнур ахэр зэхъуэкlыныгъэм зэрыхэтым, социально-экономическэ Iуэхугъуэхэу илъэс Iаджэ лъандэрэ зэтрихьурэ къекlуэкlахэр зэрызэфlагъэкlым, лъэпкъ Iуэхухэр тэмэм зэращlым елъытауэщ. Атlэ ахэр дауэ къехъулlэу пlэрэ Тэрч районым и парт организацэм? Абы теухуауэ икъукlэ псалъэмакъышхуэ щекlуэкlащ апрелым и 5-м мыбы щызэхта XXXXVI район парт конференцым. Отчетнэ доклад зыщlа, КПСС-м и райкомым и япэ секретарь Бозий Натбий, докладым теухуауэ къэпсалъэ коммунистхэми къагъэлъагъуащ экономикэмрэ социальнэ Iэнатlэмрэ щрагъэкlуэкl зэхъуэкlыныгъэхэм зырипlэщlэну мы аэкlэ къикlыщхуэ зэрыщымыlэр. Ауэ абыхэм ящыщу зыми шэч къытрихьэркъым кlуэ пэтми Iуэхур нэхъыфl зэрыхъунум, лэжьыгъэр нэхъ зэрыдэкlынум. Абы и щыхьэту доклад зыщlам щапхъэу къихьащ районым и мызакъуэу, республикэм и предприятэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ Къэбэрдей-Балъкъэр алмаз Iэмэпсымэ заводым и Iуэхущlафэхэр. Заводым и унафэщlхэр губзыгъэу икlи жэуаплыныгъэшхуэ пылъу бгъэдыхьащ хозяйствэр щlэм тету зехьэным хуэкlуэным. И чэзум зэрахъуэкlащ экономикэм, план зэхэлъхьэным, финанс Iуэхум пыщlахэм я лэжьакlэр, я Iуэху бгъэдыхьэкlэр. Ар Iуэху нэхъыщхьэхэм сабэп хуэмыхъуу къэнакъым. Предприятэм хэхъуэ зэхуэхьэсынымкlэ планхэр сыт щыгъуи хъарзынэу зэфlегъэкl. Гъэ кlуэр къапщтэмэ, абы планым и лейуэ хахъуэу сом мелуани 2,8-рэ иlащ. Ауэ коллективыр абыи къыщызэтеувыlэну и мурадкъым. Хозрасчет зэхущытыкlэхэр иригъэфlакlуэ зэпытурэ ар хущlэкъуныщ продукцэм и фlагъыр къэлэтыным, хэхъуэхэр зэгъэзэхуауэ, фейдэ нэхъыбэ пылъу социальнэ, экономическэ зыужьыныгъэхэм къыщыгъэсэбэпыным. Егугъуныщ мы лъахъэм псори зыхущlэкъу балютэр къэлэжьыным. Абы и лъэныкъуэкlэ предприятэм Iэмал къритыныщ ар нэгъуэщl гъэлъэхъанэхэм я фирмэхэм зэтрагъэщlэн.

Хъарзынэт районым и кърей промышленнэ предприятэхэм я Iуэхури апхуэдэу щытатэмэ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, щlахъуэ комбинатым, консерв заводым продукцэу къыщыщlагъэкlым хагъэхъуэным и пlэкlэ гъэ кlуам ахэр зыкъомкlэ нэхъ мащlэ ящlащ. Абы и щхьэусыгъуэри куэд щlауэ Iуэхум халъ ныкъусаныгъэхэрщ. Доклад зыщlам зэрыжиlамкlэ, ахэр гъэзэкlуэжьным хуэунэтlауэ партым и райкомым мызэ-мытlэу унафэ кlыщтащ, ауэ абыхэм зыри къикlажьым. Нэхъапэхэми хуэдэу иджыри предприятэ язныкъуэхэм я материально-техническэ базэр зэкlэлъымыкlуэщ, Iэщlэ къарукlэ ягъэзащlэ лэжьыгъэ щыкуэдщ, сырьер и зэманым къащыlэрымыхьэ къохъу. Ахэр псори икlэщlыпlэкlэ мыгъэзэкlуэжауэ Iуэхур дэкlыпукъым.

Iэнатlэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ зыщ ухуэныгъэр. Нужьрей зэманым ухуакlуэ организацэ куэдым я финанс Iуэхур зыкъомкlэ ирагъэфlэкlуащ, ауэ ныкъусаныгъэхэр къанэ щымыlэу гъэкlуэда хъуакъым. Ухуакlуэ подразделенэ язныкъуэхэм я цlэм зрагъэхъуэжа мыхъумэ я лэжьэкlэр, я Iуэху зехьэкlэр нэгъуэщl хъуакъым. Абыкlэ къуаншагъэр нахъыбэу зыбгъэдэлъри ухуакlуахэм я пэщlэдэ партэ организацэхэрщ. Гурыlуэгъуэкъым ахэр зыщыгугъыр, зыпэплъэр. Абыхэм зыщагъэгъунщlа лэжьакlуэхэр егъаджэи, гъэсэи, ахэр фlыуэ лэжьэн папщlэ зыхуейхэр къахуэзгъэпэщын зэрыхуейр. Мис апхуэдэ Iуэхухэр арщ Iухьэ-Iукlыр щlэкуэдыр, ухуакlуэ Iэщlагъэ зиlэ лэжьакlуэхэр щlэгъуэтыгъуейр.

Доклад зыщlам къихьа бжыгъэхэр къэплъытэмэ, Iуэхур куэдкlэ щыпэхьфlщ мэкъумэш хозяйствэм. Гъавэу кърахьэлlэм, Iэщlэкlыу къалэжьым районым щыхэхъуащ. Партым и райкомым и бюром къызэрилъытэмкlи, ар нэхъыбэу къызыхэкlар къуажэхэм щрагъэкlуэкl экономическэ зэхъуэкlыныгъэхэрщ, щlым телажьыхьыныгъэ Iэщ гъэхъунымрэ зыубгъуауэ къыщагъэсэбэп щlауэ къауэхуа технологиерщ. Иджыпсту бэджэнду цыху 540-рэ мэлажьэ. Гъэ кlуам абыхэм сом мелуани 7,6-рэ иlуасэ ерыскъыпхъэхэр къалэжьащ. Ар щапхъэ хьэлэмэтщ. Ауэ унафэщl куэдым иджыри зыгурагъэlуэну хэтхым апхуэдэ лэжьэкlэм фейдэуэ пылъыр зыхуэдизыр.

Пажыр къыпlэмэ, районым и агропромышленнэ комплексыр иджыри куэдым хуэныкъуэщ, хэкlыпlэ куэди мыкlуэщlауэ щыlэщ. Къэтщтэнщ, псалъэм папщlэ «Заветы Ленина» колхозымрэ «Новая Балкария» совхозымрэ. Абыхэм гъэ кlуам гъавэу гектар къэс хуэзэу къыщытрахыфар зым центнер 21,6-щ, етlуанэм центнер 17,5-щ. Ауэ щыхъукlи «Заря коммунизма» колхозым гектарым центнер 48,3-рэ, «Россия» совхозым — 46,9-рэ къыщытрахащ.

Апхуэдэ зэщхьэщыкlыныгъэхэр щыщыlэщ Iэщ гъэхъуими. Хозяйствиим гъэшу къашыр зыкъомкlэ нэхъ мащlэщ ику иту районым къыщашым нэхърэ. Ауэ доклад зыщlам жиlакъым ахэр апхуэдизу щlызэщхьэщыкlым и щхьэусыгъуэр.

— Районым лы, гъэш, джэдыкlэ, цы къэлэжьыным-кlэ зы илъэси и планхэр игъэзащlэркъым, апхуэдэ щытыкlэм партым и райкомыр хуабжьу иригузэвэн хуейщ. — жиlащ Кировым и щlэкlэ щыlэ колхозым и председатель Пыжьынэ Зулымбий зэIущlэм къыщыщытсалъэм. Адэкlэ ар тепсэлъыхьащ механизмзащlэхэр я лъэщагъ псомкlи лэжьа зэрымыхъум, зэхъуэкlыныгъэр кlыхьлlыхь зэрыхъуам, ди тыкуэнхэр хьэпшыпынщэу зэрыщытым, общественнэ дисциплинэр хуабжьу зэрехуэхам.

— А псоми ди цlыхухэр хуабжьу ягъэгузавэ, — пищащ абы и псалъэм адэкlэ. — Дисциплинэ быдэ щымыlэу хъунукъым. Цlыхухэм я нэхъыбапlэр зэхъуэкlыныгъэм и телъхьащ, ауэ ар зэрекlуэкlымкlэ ахэр нэсу арэзыкъым. Мис абы нэхъ егугъуи хуейщ партым и райкомыр, нобэ хэтхыну органхэр. Партым и райкомым щылэжьэи хуейкъым я нэхъ мащlэ хъуами илъэситхукlэ лэжьыгъэ Iэнатlэ гуэрым пэрымыта. Ар Iуэхум фlыуэ хищlыкlыи папщlэщ. Сэ сызэреплъымкlэ, партым и пщlэр нэхъ лъахъшэ щlэхъуар Iуэхум хэзымыщlыкl гуэрхэр парт аппаратхэм щылэжьэну къызращтэрщ. Ар тэмэмкъым. Идеологическэ лажьыгъэм псом хуэмыдэжу гулъытэ нэхъыбэ хуощlын хуейщ. Цlыхущlэр гъэсэныр къыщежьэр сабий садырщ, еджапlэхэрщ. Ауэ ди идеологическэ лажьакlуэхэм ящыхъуу пlэрэ ди районым и еджакlуэхэм я директорхэр, сабий садхэм я унафэщlхэр? Мис абыхэм нэхъыбэрэ кlуэн хуейщ, абыхэм гъэсэныгъэ зэрыщрагъэкlуэкlым нэхъ я пэIэтрагъэтыпхъэщ. Мыдрейуэ къуажэхэм я зыужьыныгъэм теухуауэ псалъэмакъ куэд йокlуэкl. Ахэр жызыlэхэм зэ къагурыlуапхъэт дэ дызыхуейр. Ар, шэч хэмылъу, псалъэмакъ къым, атlэ Iуэхущl лэжьыгъэщ. Нэхъ кlуууэ зэхэгъэкlын хуейщ ди лэжьыгъэр щlэмыхъур, ди Iуэхур нэщlыбэмыуейр. Сэ сызэреплъымкlэ, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я социальнэ щыкlэр зэхъуэгъэдэн хуейщ.

Конференцым псалъэмакъышхуэ щекlуэкlащ партым и пщlэр къэлэтыжьным, партым и райкомым и Iуэхущlафэхэр егъэфlэкlуэным теухуауэ.

— Иджыпсту удын псори зытехуэр партырщ, — жиlащ «Заветы Ленина» колхозым и парт комитетым и секретарь ныбжьэгъу Буэрбий. — Ар зыкъомкlи тэмэмщ, сыту жыпlэмэ абы иужь зэманым дисциплинэр къигъэтIэсхъащи. Партым и райкомымрэ абы и отделхэмрэ дэпэкlи куэд ялэжьыщ хуейщ абыхэм я лэжьэкlэмрэ я Iуэху зехьэкlэмрэ ирагъэфlэкlуэн папщlэ. Иджыпсту хэт и дежкlи нэрылъагъущ Iуэху бгъэдыхьэкlэжьыр къызэремызэгъыжыр, ар цlыхухэм я деж зэрыщыпхъмыкlыжыр. Цlыхухэм нэхъыбэрэ яхьихьэн, яхэтын хуейщ. Армырауэ пщlэ уиlэнукъым. Абы къыхэкlыу ди партком-ым гулъытэ нэхъыбэ хуищl хъуащ коллективхэм ядэлэжьэным, абыхэм нэхъыбэрэ яхуэзэным.

Партым и райкомым гулъытэ нэхъыбэ дыдэ зыхуищlын хуей Iуэхугъуэхэм ящыщ зыщ парт къызэгъэпэщыныгъэ лажьыгъэр. Ауэ конференцым къызэрыщагъэлъэгъуащи, абы ныкъусаныгъэ куэд хэлъщ. Иджыри хах органхэм мы мащlэу хэтщ и пщэ къыдэхуэ Iуэхугъуэхэр гъэзэщlэным емыгугъу, уеблэмэ ар зыуи къизымыдэа. Доклад зыщlамми къызэрыхигъэщащи, райкомым и пленумхэм, бюром и заседанэхэм щодаIуэ коммунист унафэщlхэм я отчет, абыхэм я пщэ дэлъ къалэнхэр зэрагъэзащlэм теухуауэ. Ауэ абы зэредаIуэ щlыкlэмкlэ аразыкъым районым и заведующ Фиэпщэ Г. Хь.

— Сэ си отчет едэIуащ партым и райкомым и пленумыр, — жиlащ абы. — Нэхъ тэмэму къыщlэкlынт, едэIуэным и пэ кънхуэу си лэжьыгъэр нэгъуэщl зыгуэрым къыщыгуэу щытамэ, икlи абыкlэ содоклад хуэдэу а пленум дыдэм зыгуэрхэр щыжиlамэ. Шэч хэлъмэкъым ди ныкъусаныгъэхэм абы нэхъ гу зэрылъитэнум икlи ахэр гъэзэкlуэжьынымкlэ дэIэпыкъуэгъу нэхъыфlу къызэрытхуэхъунум. Арати, сэ жысlахамкlэ псори ирагъэзэщlэу щытащ. Мыдрейуэ къуажэхэм я зыужьыныгъэм теухуауэ псалъэмакъ куэд йокlуэкl. Ахэр жызыlэхэм зэ къагурыlуапхъэт дэ дызыхуейр. Ар, шэч хэмылъу, псалъэмакъ къым, атlэ Iуэхущl лэжьыгъэщ. Нэхъ кlуууэ зэхэгъэкlын хуейщ ди лэжьыгъэр щlэмыхъур, ди Iуэхур нэщlыбэмыуейр. Сэ сызэреплъымкlэ, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я социальнэ щыкlэр зэхъуэгъэдэн хуейщ.

Конференцым псалъэмакъышхуэ щекlуэкlащ партым и пщlэр къэлэтыжьным, партым и райкомым и Iуэхущlафэхэр егъэфlэкlуэным теухуауэ.

— Иджыпсту удын псори зытехуэр партырщ, — жиlащ «Заветы Ленина» колхозым и парт комитетым и секретарь ныбжьэгъу Буэрбий. — Ар зыкъомкlи тэмэмщ, сыту жыпlэмэ абы иужь зэманым дисциплинэр къигъэтIэсхъащи. Партым и райкомымрэ абы и отделхэмрэ дэпэкlи куэд ялэжьыщ хуейщ абыхэм я лэжьэкlэмрэ я Iуэху зехьэкlэмрэ ирагъэфlэкlуэн папщlэ. Иджыпсту хэт и дежкlи нэрылъагъущ Iуэху бгъэдыхьэкlэжьыр къызэремызэгъыжыр, ар цlыхухэм я деж зэрыщыпхъмыкlыжыр. Цlыхухэм нэхъыбэрэ яхьихьэн, яхэтын хуейщ. Армырауэ пщlэ уиlэнукъым. Абы къыхэкlыу ди партком-ым гулъытэ нэхъыбэ хуищl хъуащ коллективхэм ядэлэжьэным, абыхэм нэхъыбэрэ яхуэзэным.

Партым и райкомым гулъытэ нэхъыбэ дыдэ зыхуищlын хуей Iуэхугъуэхэм ящыщ зыщ парт къызэгъэпэщыныгъэ лажьыгъэр. Ауэ конференцым къызэрыщагъэлъэгъуащи, абы ныкъусаныгъэ куэд хэлъщ. Иджыри хах органхэм мы мащlэу хэтщ и пщэ къыдэхуэ Iуэхугъуэхэр гъэзэщlэным емыгугъу, уеблэмэ ар зыуи къизымыдэа. Доклад зыщlамми къызэрыхигъэщащи, райкомым и пленумхэм, бюром и заседанэхэм щодаIуэ коммунист унафэщlхэм я отчет, абыхэм я пщэ дэлъ къалэнхэр зэрагъэзащlэм теухуауэ. Ауэ абы зэредаIуэ щlыкlэмкlэ аразыкъым районым и заведующ Фиэпщэ Г. Хь.

— Сэ си отчет едэIуащ партым и райкомым и пленумыр, — жиlащ абы. — Нэхъ тэмэму къыщlэкlынт, едэIуэным и пэ кънхуэу си лэжьыгъэр нэгъуэщl зыгуэрым къыщытауэ щытамэ, икlи абыкlэ содоклад хуэдэу а пленум дыдэм зыгуэрхэр щыжиlамэ. Шэч хэлъмэкъым ди ныкъусаныгъэхэм абы нэхъ гу зэрылъитэнум икlи ахэр гъэзэкlуэжьынымкlэ дэIэпыкъуэгъу нэхъыфlу къызэрытхуэхъунум. Арати, сэ жысlахамкlэ псори ирагъэзэщlэу щытащ. Мыдрейуэ къуажэхэм я зыужьыныгъэм теухуауэ псалъэмакъ куэд йокlуэкl. Ахэр жызыlэхэм зэ къагурыlуапхъэт дэ дызыхуейр. Ар, шэч хэмылъу, псалъэмакъ къым, атlэ Iуэхущl лэжьыгъэщ. Нэхъ кlуууэ зэхэгъэкlын хуейщ ди лэжьыгъэр щlэмыхъур, ди Iуэхур нэщlыбэмыуейр. Сэ сызэреплъымкlэ, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я социальнэ щыкlэр зэхъуэгъэдэн хуейщ.

Конференцым псалъэмакъышхуэ щекlуэкlащ партым и пщlэр къэлэтыжьным, партым и райкомым и Iуэхущlафэхэр егъэфlэкlуэным теухуауэ.

Докладми, къэпсэлъа коммунистхэми жаIахэми набдзэгубдзапlэу укIуэцlрыплъу щытмэ, гу лъумытэжкlэ Iэмал иlэжьым парт кIуэцl лажьыгъэм уригушхуэн хуэдэу зэхъуэкlыныгъэ инхэр къызэрыщымыхъуам. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр арщи, парт организацэ псори зэхуэдэу зэхъуэкlыныгъэм къызэщIунубыдауэ щытхъум. Псом хуэмыдэжу ар икъукlэ кlыхьлlыхьщ и лъабжьэкlэ щыlэ зэфэхэм зэрыщапхъэкlыр. Райкомым абы и бюроми иджыри къыдэкъ зэрыхъуэфlэкlакъым ищхьэмкlэ къикlыну унафэм пэмыплъэну. Пэщlэдэз парт организацэхэм къыщацтэ унафэхэр пыухыкlауэ, Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр аэфlэгъэкlа зэрыхъуну щlыкlэхэр къагъэлъагъуэу щытхъум. Коммунистхэм собранэхэм щаща дагъуэхэмрэ абыхэм къыщыхэлъхьа Iуэхугъуэхэмрэ ящыщ куэд мыгъэзащlауэ тхылъымпlэм кърнэжи дисциплинэр зэрымыщlагъуэм къыхэкlыу. Партым и райкомым и бюроми ткlийуэ игъэувакъым пэщlэдэз парт организацэхэм кlэщlэ унафэхэр зрагъэзэщlэжьым кlэлъыплъыныр.

Конференцым партым и райкомым хэтынухэр, XXXIX Къэбэрдей-Балъкъэр областной парт конференцым и делегатхэр щыхахащ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ икlи къыщыпсалъащ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и бюром щыщхэу КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Председателым и Япэ заместитель Чабдаров Б. К., КПСС-м и обкомым и секретарь Сахъу В. Къ. сымэ.

* * *

КПСС-м и Тэрч райкомым и япэ организационнэ пленум зэхэтащ. Абы партым и райкомым и япэ секретарэу Бозий Н. М., етlуанэ секретарэу Ирыз В. Г., секретарэу Савонов В. Я. сымэ хихащ.

ДЖЭЛЭС Тауэид.

● Текlуэныгъэ иныр илъэс 45-рэ щрикъум ирихьэлlэу

ЗАУЭЛI ХАХУЭУ ЩЫТАЩ

Хэку зауэшхуэм и тхыдэр нобэр къыздэсым зэпыу имылэу цlыху мин бжыгъэхэм ятх. Адэжь щlыналъэр ихъумэжу, къызыхэкlа лъапкъым хуэпэжу, лlыгъэрэ хахуагъэрэ къэзыгъэлъэгъуа псоми я Iуэху къызэрекlуэкlам дыщыгъуэзэн хуейщ, абыхэм щlэ нэс яхуэтщlыну ди къалэнщ.

Мис а зауэшхуэм и зы зауэлlым и щапхъэ сищ — ар Хьэжнэгъуей Барэсбий Хьэмзэт и къуэрщ. Зауэм и пэкlэ Малкэ щызэхэту щыта «Заря социализма» колхозым гъавэ бэв къехьэлlэнымкlэ республикэ псом и цlэр щызэлъащlысат. Барэсбий и звеномрэ колхозым и ехъулlэныгъэхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хунщlырт.

Лъэ быдэкlэ уву щlэзыда колхозхэм ягъуэта ехъулlэныгъэфlхэр Хэку зауэшхуэ къохъуэм къызэпиудащ. Хьэжнэгъуейми Iэщэ кlыщтащ.

Налшык къалэм кlыщызэрагъэпэщ корпусым Хьэжнэгъуейр хохуэ, ар Ленинград лъэныкъуэкlэ яшэ. Абы иту кlегъэкlыж: «Куэд дэмыкlыу ди корпусыр нэмыцэм къаухъуреихь. Жэщ-махуэ 18-кlэ лlыгъэ яхэлъу корпусым и зауэлlхэр куэдкlэ кlебакl нэмыцэдзэм езэуащ. Ерагъмыгъуейуэ, цlыху Iэджи тфlэкlуэдауэ, бийм и «къэпхъэным» дыкъикlыжын тхузэфlэкlащ. Ауэ нэмыцэ кхъухьлъатэхэм бомбэ кlыхьлэу щlадзащ икlи цlыху зэкъом, сэри сахэту, бомбэ къутахуэхэм уlэгъэ дащlащ. Ди уlэгъэхэр тlэкlу тхуапхэри дагъэхъужыну драшэжьащ.

Хэку зауэшхуэм и тхыдэр нобэр къыздэсым зэпыу имылэу цlыху мин бжыгъэхэм ятх. Адэжь щlыналъэр ихъумэжу, къызыхэкlа лъапкъым хуэпэжу, лlыгъэрэ хахуагъэрэ къэзыгъэлъэгъуа псоми я Iуэху къызэрекlуэкlам дыщыгъуэзэн хуейщ, абыхэм щlэ нэс яхуэтщlыну ди къалэнщ.

Мис а зауэшхуэм и зы зауэлlым и щапхъэ сищ — ар Хьэжнэгъуей Барэсбий Хьэмзэт и къуэрщ. Зауэм и пэкlэ Малкэ щызэхэту щыта «Заря социализма» колхозым гъавэ бэв къехьэлlэнымкlэ республикэ псом и цlэр щызэлъащlысат. Барэсбий и звеномрэ колхозым и ехъулlэныгъэхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хунщlырт.

Лъэ быдэкlэ уву щlэзыда колхозхэм ягъуэта ехъулlэныгъэфlхэр Хэку зауэшхуэ къохъуэм къызэпиудащ. Хьэжнэгъуейми Iэщэ кlыщтащ.

— Цlыхуи 6 дыхъуу тlасхъэщlэх зы къуажэ гуэрым дагъэкlуащ, нэмыцэ батальоным нэс дэст абы, — кlеIуэтэж Хьэжнэгъуейм. — Къуажэбгъум дежи нэмыцэ дзот щыухуат. Дэ хъумакlуэхэр щахуу Iутхри дзотыр гранат зыбжанэкlэ къэдгъэуащ. Абы прихьэлlэу бийм дыкъыщIэри шэр къытригъэлъаэуу щIидзащ. Дыкъызэуакlыурэ, мэзым дафlыщlыхьэжащ. Зэхэуэ едгъэкlуэкlам ди гъусищыр тфlэкlуэдащ. Къалэныр зэрыдгъэзэщlам папщlэ къэзыгъэзэжащым дамыгъэ къыдатащ.

Илъэс ныкъыщ зэрызэуам Барэсбий куэд и нэгу щlэкlащ, гугъуехь куэди игъэващ. 1942 гъэм январым и 23-м ди дзэр бийм щебгъэрыкlуэм щыгъуэ Хьэжнэгъуейм и къуажэгъуитI фlэкlуэдащ. Щауэ Назир щIэддэжьыжьым яукIащ. Аслъэн Хьэбас щыхъэщхьэм Барэсбий и Iэплlэм илъу и псэр хэкlащ. Абы щыгъуэ зауэлl хахуэм мурад ищlащ ар нэмыцэхэм яхунмыгъэгъуну икlи игъэзэщlащ, фашистхэм хэщlыныгъэ яритащ езыри уlэгъэ хьэлъэ хъуащ.

Уlэгъэщым зыкъомрэ щlалъа нэужь, Барэсбий, 1942 гъэм майм и 11-м унэм къагъэкlужащ, фронтым хуэзэфlакl лэжьыгъэкlэ дэIэпыкъуну. «Аргуэру бригадиру колхозым хыхьэжащ, Iэщым пэрытащ.

Дыгъуасэ зауэлlу щытам къыгурыlуэрт фронтым Iутхэр ерыскъыпхъэкlэ къызэрызэгъэпэщын хуейри, лъэкl кънгъанэртэкъым. Фlыуэ зэрылажьэм щхьэкlэ жэм зэщlэс саугъэту къратащ. ВДНХ-м ягъэкlуащ. «За трудовое отличие», «Ветеран труда» медалхэр къыхуагъэфэщащ.

Зауэми лэжьыгъэми я ветеран Хьэжнэгъуей Барэсбий и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирикъуащ. Ар иджыри жанщ, гъэмахуэм Балъкъ зыщегъэпсыф, къуажэ зэIущIэхэм жыджэру хэтщ.

Хьэжнэгъуей Барэсбий зауэм хэта куэдым ящыщ зыщ, анхуэдэхэм щIэх-щIэхыурэ яхуэзэн хуейщ щIалэгъуалэр, сыту жыпIэмэ дэ зыщыдгъэгъунщэ хъунукъым нобэрей гъащIэм, хунтыныгъэм щIэзэуахэр. Абыхэм я гукъэкIыжыр блэкIам и фэеплъщ.

ЩХЬЭНЫКЪУЭ Мусэбий.
Малкэ къуажэ.

ДЖЭРПЭДЖЭЖ

ЛЫ ТХЬЭУСЫХЭРКЪЫМ, АУЭ...

(«Дерс» 1990 гъэм февралым и 3-м).

КIэщт Мухьэ и тхыгъэм сыпэмыдижэжу слъэкIыркъым. Нэхщ, си Iуэху къызэрекIуэкIам си цIэр сегъэбыщI. Ауэ абы щхьэкIэ жызыIэнымкIэ си гукъеуэм фыкъедэIуэну сывэлъэIу.

Мухьэ, уи тхыгъэм си щхьэм хуабжьу сригъэгупсысыжащ. Сэ илъэс 23-рэ сыхъуу аращ. Ауэ зылI и нэгу щIэкIыи хуэдиз си гъащIэ кIэщI тIэкIум згъэващ. Уэри уцIыхухъщи, къыбгурыIуэну сигугъэщ си гукъеуэр. Ар сыкъэзылъхуахэми къыздалъхуахэми яхуэсIуэтэфыркъым. Ауэ мы тхыгъэм къеджэмэ, псоми къащIэжыщ хэт сыт хуэдэу мыбы зэгурыгъэIуэну хэтт. Ауэ си щыкъуанэм и пхъум жиIэхэр къыхуигъэдахэу къыщIэкIынт.

Ди IэфIри ди дыдэри зэрыщIэу, псори зэдэлгуэщыфу илъэсым нэс дэкIауэ, быни дгъэтын хуейти, абы дыщыгуфIэкIыу си дыщIэкIэжрей си щхьэгъусэр зэхуэ къызэIыхьащ. Си адэ-анэм жаIахэри абы и дежкIэ щхьэухьт, сэлэм и анэм сыт къыжьдэмыкIами — псори хущхъуэт, дурыдылт. Сэ жысIэхэри пхыкIыкIртэкъым. Сабий дгъэтын хуейри игъэкIуадыжат.

Зыри щымыхъужыхъэм и адэ-анэм тIэкIу къезгъэзэщынэн, езыми тIэкIу зезгъэзэгурыгъэIуэну хэтт. Ауэ си щыкъуанэм и пхъум хуилъынри зы ищIащ.

— Мыбдежым щхьэ ущыт? — сэри зыкъысехуигъэзэри къыспIэгубжьащ: — Афlэкlа уухъмыкIуэ, тIасэ, зызумыгъэтлъагъу!

Сабий делагъэ зыщIам хуэдэу и пхъум щыжьэхэлъэм, сэри дыгъэкIуэ сыкIуа хуэдэу сыкъыщигъалъэм, афlэкlа тезгъэзэжакъым. Динэ сыхуэзэнуи сыхэтыжакъым. Ар сэлам къыдихьу, загурыIуэжынщ, ягу илъыр зэхуаIуэтэнщ, жыIэу щхьэ блэмыкIарэ?

Шэч хэмылъу, Динэ щыуащ. Ауэ абы и щыуагъэхэр и анэм хуигъэдахэурэ IуэрыIуатэ зэхуэдэу къыщыхъуащ. Ауэ сэ сыкъэзыгубжьащ: — Афlэкlа уухъмыкIуэ, тIасэ, зызумыгъэтлъагъу!

Сабий делагъэ зыщIам хуэдэу и пхъум щыжьэхэлъэм, сэри дыгъэкIуэ сыкIуа хуэдэу сыкъыщигъалъэм, афlэкlа тезгъэзэжакъым. Динэ сыхуэзэнуи сыхэтыжакъым. Ар сэлам къыдихьу, загурыIуэжынщ, ягу илъыр зэхуаIуэтэнщ, жыIэу щхьэ блэмыкIарэ?

Шэч хэмылъу, Динэ щыуащ. Ауэ абы и щыуагъэхэр и анэм хуигъэдахэурэ IуэрыIуатэ зэхуэдэу къыщыхъуащ. Ауэ сэ сыкъэзыгубжьащ: — Афlэкlа уухъмыкIуэ, тIасэ, зызумыгъэтлъагъу!

щытыкIэхэр иригъэфIакIуэ зэпытурэ ар хущIэкъунущ продукцэм и фIагъыр къэIэтыным, хэхъуэхэр загъэзэхъуэ, фейдэ нэхъыбэ пылъу социальнэ, экономическэ зыужьынъхэхэм къыщыгъэсэбэпынным. Егугъунущ мы лъэхъэнэм псори зыхущIэкIу валютэр къэлэжьыным. Абы и лъэныкъуэкIэ предприятэм Iэмал кIритынущ ар нэгъуэщI къэралхэм я фирмэхэм зэрапыщIам.

Хъарзынэт районым и адрей промышленнэ предприятэхэм я Iуэхури анхуэдэу щытатэмэ. Ауэ, ди жагъуэ лэрыхъущи, щIакхъуэ комбинатым, консерв заводым продукцэу къыщыщIагъэнным хагъэхъуэным и пIэкIэ гъэ кIуам ахэр зыкъомкIэ нэхъ мащIэ ящIащ. Абы и

7,6-рэ и гъуасэ ерыскъыпхъэхэр къалэжьащ. Ар щапхъэ хьэлэмэтщ. Ауэ унафэщI куэдым иджыри зыгурагъэIуэну хэтхым анхуэдэ лэжьэкIэм фейдэуэ пылъыр зыхуэдизыр.

Пажыр къыIэмэ, районым и агропромышленнэ комплексыр иджыри куэдым хуэкыкъуэщ, хэкIыпIэ куэди мыкIуэщIауэ щыIэщ. Къэштэнщ, псалъэм папщIэ «Заветы Ленина» колхозымрэ «Новая Балкария» совхозымрэ. Абыхэм гъэ кIуам гъавэу гектар къэс хуэзэу къыщыгъахьэфар зым центнер 21,6-щ, етIуанэм центнер 17,5-щ. Ауэ щыхъукIи «Заря коммунизма» колхозым гектарым центнер 48,3-рэ, «Россия» совхозым — 46,9-рэ къыщытрахащ.

абыхэм гъэсэныгъэ зэрыщIагъэкIуэкIым нэхъ я нэIэ трагъэтыхъэщ. Мыдрейуэ къуажэхэм я зыужьынъгъэм теухуауэ псалъэмакъ куэд йокIуэкI. Ахэр жызыIэхэм зэ къагурыIуахъэт дэ дызыхуейр. Ар, шэч хэмылъу, псалъэмакъ къым, атIэ Iуэхущ, лэжьыгъэщ. Нэхъ куууэ зэхэгъэкIын хуейщ ди лэжьыгъэр щIэмыхъур, ди Iуэхур къыщыдэмыуейр. Сэ сыкъэреплъымкIэ, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я социальнэ цыпхэр зэхуагъэдэн хуейщ.

Конференцым псалъэмакъыщхуэ щекIуэкIащ партым и щIэр къэIэтыжьным, партым и райкомым и IуэхущIафэхэр егъэфIакIуэным теухуауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр областной парт конференцым и делегатхэр щыхахащ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ икIи къыщыпсалъащ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и бюром щыщхэу КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Председателым и Япэ заместитель Чабдаров Б. К., КПСС-м и обкомым и секретарь Сэхъу В. Къ. сымэ.

* * *

КПСС-м и Тэрч райкомым и япэ организационнэ пленум зэхэтащ. Абы партым и райкомым и япэ секретарь Бозий Н. М., етIуанэ секретару Ирыз В. Г., секретару Савонов В. Я. сымэ хихащ.

ДЖЭЛЭС Тауэид.

ШХАПIЭР КЪЫЗЭIУАХЫЖАЩ

Идэкыблагъэ Налшык къалэм, Ленинym и проспектым, ремонт нэужьым къыщызэIуахыжащ «Сервис» шхапIэр (салоныр). Нэхъапэм мыбы щIэм гу лъитэнущ шхапIэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм. УщыщхэкIэ икIи зыбогъэнсэху, къабзагъэм, екIуу зэрыгъэщIэрэщIам удехьэх.

Ресторанхэмрэ шхапIэхэмкIэ а трестым нужь зэманым гулъытэшхуэ хуищI хъуащ общественнэ ерыскъым и предприятэхэр екIуу зэлъыIухынym, гъэщIэрэщIэным. Апхуэдэу илъэс кIуам къэщIэрэщIащ «Горное», «Ашамаз», «Эврика», «Мечта» кафехэр. Нобэ ахэр щIыху нэхъыбэ дыдэ здекIуалIэхэм ящыщц.

«Сервис» салонри абыхэм ящыщ зы зэрыхъунум шэч хэлъкъым. Иджы мыбы къыщыпщэху хъунур кулинарнэ, хьэжыгъэхэкI, IэфIхэкI шхын, ныкъуэщIхэм я закъуэкъым. Кофе, шей, пирожнэ, кекс зэмылIэужьыгъуэхэр къебгъащтэ хъунущ.

Салоным заказ ептмэ, узыхуейр щыпхуагъэхьэзырынущ, шхыныгъуэхэр зэратъэхьэзыр щIыкIэмкIэ, стIолхэр зэратъэщIэращIэмкIэ, шхын ныкъуэщIхэр зэрапщэфIымкIэ тэнджэщ къэзыгъэIэнущ, А Iуэхугъуэхэр телефонкIи зэфIэбгъэкI хъуну Iэмал щыIэщ. ШхапIэр икъукIэ щIэгъэкъуэн яхуэхъунущ зи закъуэу псэу жыкIэфэкIэхэм, зауэм хэтахэм.

Фэри зэрыфлъагъуущи, «Сервисым» и лэжьакIуэхэм икъукIэ лэжьыгъэшхуэ къапэщытщ. Ар зыхуэзэфIэкIынури зи лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкIэрщ, гулъытэ зыбгъэдэлъхэрщ. Апхуэдэщ производствэм и унафэщI Сэхъу Тамарэ, илъэс 30-кIэ общественнэ ерыскъым щылэжьар.

СУРЭТХЭМ: Сэхъу Тамарэ нщI шейм хуэдэ щыIэкъым (нщхьэ сурэтым); Лэшкэн Майе узыхуейI IэфIхэкIыр къыпхунхьыну хьэзырщ; япэ щэхуакIуэхэр арэзыщ.

МЫКЪУЭЖЬ Алихъан,
инженер-технолог нэхъыжь.

КIЭЩIУ

ЛЪЭНЫКЪУЭ ПСОМКIИ

«Эльбрус» унэлъащIэ, пхъэм щелэжь комбинатым товарнэ продукцэ къыщIэгъэкIынымкIи ар къэзыгъэсэбэпхэм яхуегъэшэнымкIи и квартал планхэр процентищ 100-кIэ игъэзэщIащ, лэжьыгъэм и производительностыр процентищ 4,6-кIэ къыIэтащ, хэхъуэу иIэн хуей сом мини 150-м и пIэкIэ и кассэм мин 300 къихъуащ.

Предприятэм къихьа сехъулIэныгъэр зи фIыщIэхэм япэ итщ Ерыжокъуэ Лиуан зи унафэщI ещанэ цехым и лэжьакIуэхэр. Мыбыхэм я Iэдакъэщ1экIэхэр цIыхухэм хуабжьу ягу ирихьу ящэху.

ХИГЪЭХЪУАЩ

«Искож» комбинатым и коллективым и лэжьыгъэ мы гъэр къызэрихьэрэ хэпщIыкIыу зэрыригъэфIэкIуам и щыхьэтщ къыщIигъэкI продукцэр зыхуригъашэхэр абы хуабжьу арэзы зэрытехъуэр икIи щIыхуэ къытемыхуэу яхуригъэшэн хуейхэмкIэ и квартал планыр зэригъэзэщIар.

Псом хуэмыдэу комбинатым и Iуэху фIыщ хэхъуэ зэхуэхьэсынымкIэ. Абы мазищ планым и лейуэ къыIэрыхьар сом мин 477-рэ мэхъу. Предприятэм и Iуэху фIыщ производительностым хэгъэхъуэнымкIи адрей технико-экономическэ лъэныкъуэ псомкIи.

ЛIЫ ТХЬЭУСЫХЭРКЪЫМ, АУЭ...

(«Дерс» 1990 гъэм февралым и 3-м).

КIэщт Мухьэ и тхыгъэм сыщымыджэжу слъэкIыркъым. Нэщц, си Iуэхур къызэрекIуэкIам си щIэр сегъэбзыщI. Ауэ абы щхьэкIэ къэзмыгъанэу си гукъеуэм фыкъедгIуэну сыволъэIу.

Мухьэ, уи тхыгъэм си щхьэм хуабжьу ерагъэупсысыжащ. Сэ илъэс 23-рэ сехъуу арац. Ауэ зылI и нэгу щIэкIыи хуэдиз си гъащIэ кIэщI тIэкIум згъэвац. Уэри уцIыхухъуащи, къыбгурыIуэну сигугъэщ си гукъеуэр. Ар сыкъэзылъхуахэми къыздалъхуахэми яхуэсIуэтэфыркъым. Ауэ мы тхыгъэм къеджэмэ, псоми къащIэжыщ хэт сыт хуэдэу мыбы къыхэтми.

Арати, хъыджэбз щIалэ цIыкIу цIыхугъэ схуэхъуащ. ДыздэгушыIэурэ фIыуэ дызэрыльэгъуащ, къэсшэну мурад сщIащ. Сэ си Iуэху зэрыщытри, ди унагъуэр зыхуэдэри — псори хуэсIуэтащ абы. Нэхъыжьхэр унагъуэ щхьэхуэ зэрыхъуари, сэ псом нэхърэ сызэрыпэхъыщIэри, си адэ-анэр къызэрызбгъэдэсынури, абыхэм я жагъуэ ищI зэрымыхъунури.

Илъэс 18 хъу Динэ сэрэ дызэрыпщащ. ЗэкIэ сызэрыхуейм хуэдэу хъурт. КIуэ пэтми нэхъыфIу дызэрыльэгъут. Сэри сщIэжырт ар щIалэу къызэрыпэщIэхуар. Щыуагъэ гуэр IэщIэкIами, мыхъумыщIагъэ къыжьэдэкIами зэуэ сыжьэхэльэртэкъым, зэрысцIэмкIэ къыгурыIгъэIуэну сыхэтт. Сэр дыдэри акъылкIэ си пIэ спувауэ къыщIэкIынтэкъым, ауэ ди Iуэхур тэмэм зэрыхъуным нужь ситт.

Апхуэдэурэ мазэ дэкIри, лъагъунлъагъу и дыщым яшэжащ. Зы махуэ нэхъ щымыIэуи къигъэзэжащ. Ар зэIууат, пэщхьэйт. ЩIыIэщIыIэу сигу къэкIащ Iуэхур зэрызэIыхьэр. Ауэрэ, благъэхэмрэ дэрэ дызэтехьэ хъуащ. Щхьэгъусэри дыщ кIуэжырей хъууэ хуежьащ. Сэри си анэмрэ си щыкъуанэмрэ щхьэ зэщхьэщыгъэкIын хуей жысIэурэ сыпэрыуакъым. Ауэ кIуэжу къэкIуэжыху псалъэмакъ дяку къыдэхъуэу щIидзащ. Си анэм дызэгурагъэIуэну хэтт. Ауэ си щыкъуанэм и пхъум жиIэхэр къыхуигъэдахэу къыщIэкIынт.

Ди IэфIри ди дыдэри зэрыщIэ, псори зэдэгуэшы. Фу нэсым нэс дэкIауэ, бын дгъэтын хуейти, абы дыпсэуфIыкIыу зи дыщ кIуэкрей си щхьэгъусэр зэуэ къызэIыхьащ. Си адэ-анэм жаIэхэри абы и деж1э щхьэхуэт, езым и анэм сыт къыжьэдэмыкIами — псори хущхъуэт, дурыдылт. Сэ жысIэхэри пхыкIыкIыртэкъым. Сабий дгъэтын хуейри игъэкIуэдыжат.

Зыри щымыхъужыххэм и адэ-анэм тIэкIу къезгъэгъэшынэи, езыми тIэкIу зезгъэщIыхужыщ мурадкIэ и дыщым сшэжащ. Ауэ къапыскэр сызыпэмыплъа псалъэмакъщ. «Пхъур зейр дэрамэ, ди унэ кIинэжащ.» — жеIэри и анэр къоув. Арац абы и пхъум ущиныгъуэ иригъэлъэгъуар.

Сэ, «къаз псы кIэрыщIэрэ», секъуу сежьэжынт, зыщIэу нэгъуэщIи къэсшэжыфынт, быни згъуэтыжынт. Ауэ... мис, а «ауэращ» сызылъэхъэжар. Янэрауэ, сэ Динэ фIыуэ солъагъу. ИтIанэ куэдрэ согупсыс афIэкIа ныбжь зимыIэ щIыхубз цIыкIум дяпэкIэ и Iуэху зэрыхъунум. А псори зэпэслъытэри Динэ си щхьэр лъахъшэ хуэсщIащ, щхуу я деж сыкIуэу къезгъэжащ. Ар езыри къэхъуам хущIегъуэжат, ауэ итIани зыкIи езым зигъэкъуаншэртэкъым икIи си адэ-анэм ябгъэдэсыжыфыну жиIэртэкъым. Ауэ абы и гур идыкыри гугъэрт.

Зэгуэр я деж сыкIуауэ зыщIыпIэ деж Динэ сэрэ дызэпсалъэу дыщытт. Дыплъэри и анэр къакIуэу тлъэгъуащ. Сэ янэ щIыкIэ лъэныкъуэ зезгъэзынy сыхуежьат, ауэ, япэрауэ, ар къэсынат, сэри сыкънлъэгъуат, итIанэ, хущIегъуэжауэ псалъэ гуэрхэр жиIэнкIи сыщыгугъат. ЕтIуанэу, Динэ къыжиIат:

— Мамэ сэлам ех, и узыншагъэми щIэупщIэ.

Динэ зэрыжиIам хуэдэу сэ сщIащ. Ауэ дэнэ абы си сэламри щызэхихынт, сэри къыщызэплъынт. И къэси и пхъум хуилъынри зы ищIащ.

— Мыбдежым щхьэ ущыт? — сэри зыкъызэрыгуфIэжащ. — АфIэкIа укъэмыкIуэ, тIасэ, зызумыгъэлъагъу!

Сабий дегъэ зыщIэм хуэдэу и пхъум щыжьхэзыгъэм, сэри дыгъэкIуэ сыкIуа хуэдэу сыкъыщигъалъэм, афIэкIа тегъэзэжакъым. Динэ сыхуэзэну сыхэтыжакъым. Ар сэлам къыдихыну, зэгурыIуэжыщ, жагIэу щхьэ блэмыкIарэ?

Шэч хэмылъу, Динэ щыуащ. Ауэ абы и щыуагъэхэр и анэм хуигъэдахэурэ Iуэхур нэхъри зэIещIэ, и пхъум и насыпыр екъутэ. Сэ Динэ и деж сымыкIуэжми, си гум имыхуу согупсыс абы и насыпыр дяпэкIэ зарыхъунум. Ауэ Динэ и анэр абы игъэпейтейркъым.

Динэ и Iуэхур иджыпсту зэрежьам хуэдэу щытмэ, ар къигъэзэжрэ гъэгу захуэ темыувэжмэ, щхьэзакъуэу, зыри къемыплъыжу мы душейм къытенэнкIэ сошынэ. Иджы куэд мыщIэу къалэм щызолъагъу Динэрэ и анэмрэ зэгъусэу. Сэ абы сызэрыпущIэу си гур узащ икIи, занщIэу жысIэнщи, сыукIытат, ар си щхьэгъусэу щытауэ къащIэмэ, жысIэри. Абы и щхьэц кIыхь дахэщхуэр пригъэупщIат, баринабзэу пригъэущрэзат, кIэщIу щIэщат. И Iупэхэри анхуэдизу плъыжьу лауэ зэи слъэгъуатэкъым. И нэ щIагъэр щIыхуу щIэщIэлыкIат, и нэбжьыщхэр фIыщIэу пыщIылыкIат.

Ар си жагъуэ хъуат. Езыми фIэфIу щытакъым анхуэдизу зыхилъхьэну, ауэ ар зыгуэрым зэIегъэхьэ. Динэ адэ иIэщ, ауэ абы и анэм пэлъэщын щыIакъым.

Лы тхьэусыхэркъым, ауэ араш, Мухьэ, си Iуэхур зэрыщытыр. Хэт ищIэрэ, мыбы къеджа нэужь, Дини и анэми къагъэзэжыну пIэрэ? Анхуэдэу хъуатэмэ, езыхэми дэри ди нэсынт.

Къысхуэвгъэгъу, зэкIэ си щIэр собзыщI.

Бахъсэн къалэ.

АНЭР КЪУАНШЭЩ

(«Хэт къуаншэр?», 1990 гъэм февралым и 6-м)

Сэ сфIэгъэщIэгъуэну сыкъеджащ КIэбышэ Лилэ и тхыгъэм, сыкъеджа къудейкъым, атIэ хьэблэ фызыр зэхуэсшэри, псоми сакъыхуеджащ. Абы щIыхухъуэри кърихьэлIащ. НужькIэ псалъэмакъышхуэ едгъэкIуэкIащ, кIуэ аракъэ къэрал мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэ дытепсэлъыхьым хуэдэу.

Пэж дыдэу, Iуэху щIыкIукъым мыр. Ди хьэблэм дэс унагъуэ гуэрым ехьэлIам хуэдэт мы тхыгъэм къиIэт Iуэхугъуэхэр. Езы анэри яхэт зыри жимыIэу, зэм плъыжь хъууэ, зэми хужь хъужу. IукIыжынуи хуежьэрт, ауэ, псоми ящIэрти, аутIыщIыжыртэкъым. Псори зэщIэплъауэ псалъэрт, Iуэху пэж къаIэту, мыхъумыщIагъэхэр утыку къралъхьэу, щIапхъэхэр яубзыхуу.

Сэ сыхуейт апхуэдэ щIыхухэм я щIэр псоми ящIэну. Сэ сызэреплъымкIэ, апхуэдэхэр занщIэу утыку къигъэджэрэзапхъэщ.

Сыт а щIыхубзым нпхъу нэхъыжьыр унагъуэ имызагъэу къыщIикIыкар? Сэ сызэреплъымкIэ, псори зи лажьэр и анэрщ. Ар щIыху тэмэмкъым, сэхъуащ, щхьэ зыфIэфIщ, и анэ кIилъхуам апхуэдэу щыхущытыфкIэ, мыдрейхэм сытри яригIэфынущ. Дэ щIалэм лажьэ имыIэу къыдолъытэ. ЕтIуанэ щхьэгъусэ игъуэтын хуей щIэхъуар и анэмрэ и шыхъумрэ я зэранщ. ЩIалэмрэ щIыхубзымрэ фIыуэ зэрылъагъурт, я гур зэтеуэрт. Ауэ щIалэм и шыпхъу къикIыжар и нысэм йофыгъуэ икIи псори къызэрыкIыр араш. Анэми ар тэмэму къыгурыIуэркъым, и пхъум жиIэр и фIэщ ещI, абы къыщхьэщож.

Абыхэм нэмыщIыжкIэ къуэ мыуэныщэм зэрихьэ мыIэрысэр имыщIэу дауэ ищэфа икIи абы къыщIэкIар дэнэ здихьар? АдэфIанэфIхэм быным зыгуэр хуэтщIа щэрэт жаIэ, мыбы быным хуищIэн и пIэкIэ езыр йодыгъу, ар зэрымыузыншэр ищIэ пэтрэ фIэпсэкIуэд хъуркъым.

Сэ сыхуейт апхуэдэ анэм зыщIыхужыну, къигъэзэжыну.

ШЫДАКЪ Сулътан.
Налшык къалэ.

ПСАЛЪЭМАКЪХЭМ Я ПІЭКІЭ...

Иужьрей лъэхъэнэм цІыхухэр нэхъ кІалъыпэ хъуащ ди республикэм и социально-экономическэ зыужьыныгъэм — ехъулІэныгъэхэм, зэфІэгъэкІа мыхъуауэ къэна Іуэхухэм. Статистикэм и бжыгъэхэр, нэгъуэщІ материалхэр щІэх-щІэхыурэ къызэрытрадзэм Іэмал кьет а Іуэхугъуэхэм къыщыхъу зэхъуэкІыныгъэхэр зэбгъэпщэну икІи Іуэхур зытетым щыгъуазэ зыпщІыну.

Арщхьэкіэ бжыгъэхэмрэ Іуэхур инэжыпІэкІэ зарыщытымрэ, занщІэу жытІэнщи, цыхэтемыхуэ куэдрэ ьохъу. Мыбдежым къалъытэн хуейщ а бжыгъэхэр къызэрыкІэ щІыкІэри. Языныкъуэ авторхэр, «ди къыкІэрыхуныгъэмэ» теухуа бжыгъэхэр кыдрагъэжейуэрэ, хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр и зыужьыныгъэмкІи, цІыхубэм я псэукІэкІи къэралым и регион нэхъ къыкІэрыхуа дыдэхэм ящыщ зыуэ цІыхухэм яфІэщ ящІыну. Абы и щыхьэту къагъэлъагъуэ цІыхухэр фэтэркІэ, унэхэмкІэ кыхэзыгъэпэщам, сымаджэщхэм гъуэлъыпІэу яІэм, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми ятеуха бжыгъэхэр. Пэж дыдэуи, статистикэм тепщІыхьмэ, а Іуэхугъуэхэмкіэ РСФСР-м и край, область 73-м къыщыкІэрыхуа зытхухьм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр. Нобэ зыбгъэтхьэмыщкІэну йоІу. Телевизор епІэ куэдым ящІэжын хуейщ СССР-м и цІыхубэ депутату Шэшэн-Ингушым и лІыкІуэм СССР-м и цІыхубэ депутатхэм я Съездым къыщыцыпсалъэм а республикэр и социально-экономическэ зыужьыныгъэкІэ РСФСР псом къыщыкІэрыхуауэ жаІар. Абы и закъуэкъым «загъэтхьэмыщкІэу» утыкушхуэхэм къыщыпсалъэхэр, печатым тхыгъэхэр къытрезыгъадэхэр, езыхэр нужь дыдэ къинауэ тхьэ зыІуэхэр. Ауэ ахэр зыхуейр гурыІуэгъуэщ — псоми я зэхуэдэ союзпсо Іыхьэм нэхъыбэ «къыхаудыну» аращ, абы щыгъуэми езыхэм гугъу зрамыгъэхьыщэу.

Сызыщыгъуазэ бжыгъэхэм ятещІыхьауэ жысІэнщи, дэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм, абы теухуауэ куэд жытІэфынукъым. Зи гугъу ящІ зэщхьэщыкІыныгъэхэр ахэуадизу зэпэгъунэгъущи, нэхъ тэмэмыр тхьэмыщкІагъэкІэ дызэхуэдэу жытІэнщ аращ. Псалъэм щхьэкІэ, псэупІэкІэ дыкъзарызгъэпщар къэтщтэнщи, 1989 гъэм и кІэм зы цІыхум тещІыхьауэ диІащ метр квадрататІу 14,4-рэ имэ 53-нэ увыпІэм дитащ. Атіэ сыт хуэдэ къэхъыбэ адрей республикэхэм яІар? Россиер зарыщыту къэщтэмэ, зы цІыхум зэрыс метр забгъэзэнатІэ 15,5-рэ мэхъу. Северна Кавказыр къэщтэмэ, нэ дыдэ итыр Ростов областыр аращи, абыи зы цІыхум щыхуэзэр метр забгъэзэнатІэ 16,3-рэщ (РСФСР-м 24-нэ увыпІэр щІэныгъэ). Арати, къызэрыщІэкІымкІэ, 53-нэ увыпІэм щит дэкІ Ростов областым щыпсэухэмрэ зарызэщыкІыр метр забгъэзэнатІэ 2 къудейщ — зы гъуэлъыпІэ гъэувыпІэ!

ПсэупІэ, еджапІэ, культурэм, медицинэм я Іуэхущіапіэхэр ухуэн щхьэкІэ къэралым кънутІыщщ ахъщэм — капитальнэ хэлъхьэныгъэхэм я гугъу тщІымэ, пэжщ ди республикэм цІыху мини 10-м ятещІыхьауэ РСФСР-м ику иту хуаутІыпщым нэхърэ дэ кІыхуаутІыпщыр 1,5-кІэ зарынэхъ мащІэр. Ауэ абы теухуауэ жытІэмэ, Северна Кавказым и республикэ псоми дэ япэ дитщ, Шэшэн-Ингушыр тІэкІэ кІыткІэроху. Дэ нэхърэ сом 99-кІэ нэхъыбэ хуаутІыпщ Ставрополь крайм. А Іуэхугъуэмкіэ Ставрополь крайр 52-нэ увыпІэм, Къэбэрдей-Балъкъэрыр 59-нэм щытщ, дызэрызэщхьэщыкІыр а сом бжыгъэр ара пэтми.

Капитальнэ хэлъхьэныгъэхэм я куэдагъ-мащІагъым тепщІыхь хъунукъым Іуэхур. Псэупыгъэр абы елъытауэ щытамэ, мелард куэд зытрагъэкІуэда щІыналъэхэм я цІыхухэр хэт нэхърэ нэхъыфІу псэунут. Ауэ абыхэм я къуажэхэр пэщІщ.

Дауи, еджапІэ сымаджэщи пхуэуухуэнукъым ухуэныгъэм епхьэлІэн унмыІэу. Мыбдежым нэхъ тэмэмыр — капитальнэ хэлъхьэныгъэхэр нэхъыфІу къэгъэсэбэпын зэрыхуейм тепсэлъыхьыныр. ИкІи куэд щІауэ критикэ дощІ капитальнэ хэлъхьэныгъэхэр кызэлъыгъэсэбэпыф, зымыгъэкІуэщІыф ухуакІуэ организацэхэр.

Сымаджэ гъуэлъыпІэхэм я гугъу щытщІым дежи «нэхъ мащІэр нэхъыбэщ» бжэкІэм къыдитынур мащІэщ. А Іуэхугъуэмкіэ дэ тІэкІу-тІэкІуурэ зыкъыдоІэтыж — 1985 гъэм дызэрыта 68-нэ увыпІэм дыкъэкІуащ, 64-нэм дыкъэкІуащ. Ауэ, гурыІуэгъуэщ, къэрал псоми хуэдэу, гъуэлъыпІэхэм нэмыщІ кыдэмэщІэкІ хущхъуэхэри, медоборудованэри, адрей кынэмыщІхэри. Псом хуэмыдэу къуажэхэм щыщІагъуэкъым медицинэ Іуэхур. Зэрыщыту къэралыр къапщтэмэ, дэтхэнэ капиталист къэралым иІэм нэхърэ нэхъыбэу диІэщ сымаджэщ гъуэлъыпІэхэри дохутырхэри. Мыбдежым Іуэхур зытетыр нэгъуэщІщ — абыхэм я лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэща щІыкІэрщ. ПщІэнщэу щыІэзэ системэм, гъуэлъыпІэхэри дохутырхэри къайлеекІыу яІэми, сымаджэхэри лІэхэри зэрыкуэду щытынущ. Абы и щхьэусыгъуэри — жэуапльнщагъэрщ, дохутырхэм я лажьэщІэр зэрыщІыкІурщ, медицинэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьыгъэр [illegible] пэщарщ, цІыхухэм я культурэр зарымыдэрщ, я псэукІэр зэрымыщІагъуэрщ, фадафэр зэрыкуэдырщ. ИкІи а Іуэху псори зэдгъэзэжуэжыи хуейщ къарухэр зэдехьэлІауэ.

Мыгувэу ди еджапІэхэр сменищу лэжьыгъэм хуэкІуэну жьэбыІэхэм ирагъэдеиныр аращ. Ахэр сменищу-щыуэ зэрылажьэр аракъым Іуэхум хэлъыр. Ныкъусаныгъэхэр куэдыІуэ мэхъу икІи зэкъым абыхэм КПСС-м и обкомым зэрапщытепсэлъыхьар, КъБАССР-м и еджакІуэ псоми я процент 26-р аращ сменитІу еджэр, РСФСР-м — процент 22-р. Мы илъэсихум и пэщІэдзэм абы и лъэныкъуэкІэ дызэрыта 60-нэ увыпІэм дыкъэкІри 54-нэм дыкъэкІуащ.

Сыхуейтэкъым мы си тхыгъэм къыщызгъэлъагъуэ бжыгъэхэр узытекІ мыхъуну пэжу, а цІытыкІэм дыкъыхуэзыша лэжьэкІэр згъэзахуэ хуэдэу къащыхъуну. Языныкъуэхэм пэж дыдэуи апхуэдэу къыщагъэхъунущ иджыри ди республикэм теухуауэ щапхъэу къэсхьыну бжыгъэхэр: ди республикэр РСФСР-м япэ щит областу, крайуэ 10-м яхэтщ цІыхуу къалъху бжыгъэмкІэ (6-нэ увыпІэ), цІыху мин къэс автомобиль псынщІэу яІэмкІэ (2-нэ увыпІэ), цІыху мини 10 къэс яхуэзэу автобусу диІэмкІэ (8-нэ увыпІэ), зы цІыхум хуэзэу Іуэхутхьэбзэу ящІэмкІэ (10-нэ увыпІэ).

Пэжщ, а бжыгъэхэми зэфІэмыгъэкІауэ къэна Іуэхугъуэ, ныкъусаныгъэ куэд щІахъумэ, ахэр щІэгъэкъуэн ящІурэ адрей регионхэм нэхърэ ди деж Іуэхур щынэхъыфІу жытІэну дыхуей пэтми. ИкІи зыщыгъэгъупщэн хуейкъым бжыгъэхэмрэ ахэр зэгъэпщэнымрэ Іуэхум и щытыкІэр пэжу къызэрамыгъэлъагъуэр.

Шэч хэлъкъым — ноби критикэ щІын хуейщ ныкъусаныгъэхэр, къыщІэгъэщын хуейщ ахэр къызыхэкІ щхьэусыгъуэхэр. Ауэ псалъэмакъыр къэгъэхъеин хуейкъым псалъэмакъым щхьэкІэ, атІэ ар хуэгъэзауэ щытын хуейщ ныкъусаныгъэхэр гъэкІуэдыным, къытпэщыт къалэн гугъуэхэр гъэзэщІэным. Захуагъэ хъутэкъым республикэм и лажьэкІэ Іэнатіэхэм парыт цІыху мини 300-м щІигъум я лажьэгъэр апхуэдэ щІыпІэкІэ гъэпуды ныр. Апхуэдэу, цыкъусанигъэ псори КПСС-м и унафэщІ къалэным, партсовет аппаратым я зэрану жыпІэнри зэрымытэмэмым лейуэ ущІытепсэлъыхьын щыІэу си гугъэкъым. Дэ тщыщ дэтхэнэми езыр зыпэрыт Іэнатіэм щыгъуазэкІэ щыуагъэщ, ди емыгугъуныгъэщ а ныкъусаныгъэхэр къызыхэкІар. ИкІи ди жэуапльныгъэр лажьигъэ хъуадэкІэ дгъэзэщІэнырщ, ауэ ар къэзыгъэлъагъуэ цІыхухэм я псэукІэр ирагъэфІэкІуэну.

Пэжщ, нобэр псоми ди дежкІэ гугъущ. Ауэ дыщІэгузьеин цыІэкъым. Дэ дгъэуващ Россие Федерацэм и область, край нэхъ пащхьэ дыдэхэм я цІыхухэм я псэукІэм дылъэщІыхьэныныкІэ Іэмал къыдэзытыну мурадыфІэр.

ЖЭМАН А.,
КПСС-м и обкомым и

ЗэІух уи нэгур, «Фантомас»!

Махуэ гуэрым «Нарт» хьэщІэщым щІэс турист гуп сыдэуэршэрт. Ахэр ди къэралым и щІыпІэ куэдым кыкІат. Гулъытэ хэха зыхуэщІыпхъэхэм, фэеплъхэм сытепсэлъыхьырти, зи ныбжь хэкІуэта лІы гуэр, сызэпиуду, щІагъыбзэ зэрыхэлъыр къыбгурыІуэу, къызоупщІ: «Фи «Фантомасым» теухуауэ сыт къыджепІэфын?»

(Зэхэфхрэ? Фи «Фантомасым»! жи). Сыздэрызэгупар къезмыгъащІэу, адэкІэ изогъэкІуэкІ: «... Щхьэхуитыныгъэм и бэнакІуэ хэкІуэдахэм я фэеплъыр зэи пщымыгъупщэжу хуэсакъыу хъумэн хуейщ, — ар дэ псоми ди кьалэн лъапІэщ...»

НужьыІуэкІэ, схуэмыпшачыжу: «Ар дауэ, — жызоІэ, — зэрыжыпІэмкІэ, «Фантомасыр» дыдейщ. Фэ фыкъыздикІахэм щыІэ фэеплъхэр къэрал псоми ейщ, ара?!

ЛІым и фІэщу аыкъретІэри: «Нэгъуэщ1ыпІэ щыІэр, — жи, — ар щхьэхуитщІыжакІуэмэ, цІыху сурэтым итщ, армыхъумэ робот гъущІыжьым с «тепщэч къэзылъэтыхьхэм» ису ялъэгъууэ жыхуаІэ псэущхьэхэм ещхькъым!»

Абдежым, скульптор зыщІар сара хуэдэ, къысфІэнэным нэсауэ, сурэтым дигъуэ псор къызжиІащ, и гукъеуэр къыскъуИуэтащ. Скульптурэм сыкъыщхьэщыжыну сыхуежьа щхьэкІэ, зыри къикІакъым. Къысхугурыгъ1уакъым зыщІа скульпторым гупсысэшхуэрэ зэфІэкІышхуэрэ зэриІэр, абы и лэжьыгъэр дяпэкІэ къэкІуэну жыжьэм зэрыхуэгъэзар.

Зауэ екІуэкІам хэтахэм я бгъэр орденхэмрэ медалхэмрэ зэщІиблауэ, я нэпс щІалъэщІыкІыу, фэеплъым и лъабжьэм удз гъэгъахэр хуэсакъыу щытралъхьэм и деж, я нэщхъеягъуэшхуэр гугъукъым къыбгурыІуэну. Абыхэм я дежкІэ гукъинэ мыкІуэдыкІ я псэм къыхэнащ псэзэпылъхьэпІэ зауэм зэкъуэту, гуауэри гуфІэгъуэри аэдагуэшу я гъусахэр, дунейр бзыгъэу щытыр щхьэкІэ, зи псэ зытахэр.

Иджы со сигу къеуэр дэ къытщІэхъуэжхэращ. А зэман псэзэпылъхьэпІэм хэкІуэдахэм дауэ хущытыну пІэрэ ахэр? Гугъущ а упщІэр. Ар зэлъытар я гъэсэныгъэрщ, жыфІэнщ. Ари пэжщ, ауэ фэеплъхэр роботым, нэгъуэщІ планетэхэм кънкІа хьэщІэхэм ещхьмэ, «Фантомас» хуэдэ щІэхэр абыхэм кІэрыщІарэ ягъащІэкІэ пхукІэрымычыжьмэ, гурыІуэгъуэу сфІощІ ди щІэблэр абыхэм зэрыхущытыну щІыкІэр. Абы къыхэкІыуи, уэ уцІыху пэжмэ, а Іуэхум уимыгъэпІейтейныкІэ Іэмал иІэкъым.

Сыт атІэ иджы дыбгъэщІэнур? — жыфІэщ.

Абстракцэ гуэр ящІри, зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъщ, жаІэу тратхэкащи, пыІэжьынафэ къатемыуэн щхьэкІэ, языныкъуэхэм я дэар мэш. Аращ, иджырей цІыхуу зыщубжыжкІэ, ар зыщІам гупсысэ хилъхьар уи фІэщ щІыну, дэпІыгъыну ухуейщ. Мес Ван Гог, Модельяни, Пикассо, нэгъуэщІ художник куэди щыпсэуа зэманым цІыхухэм къагурыІуэу щытакъым. Абыхэм я сурэтхэм гупсысэшхуэ зэрыхэлъыр, ахэр зэрыхудожник иныр иджыщ къыщалъытар.

Зауэм и фэеплъым патриотическэ нэлъэІу щигъэщІэ э я І э, ар щІэкІалъэу щІыщытын щыІэкъым. Исхуэсшэр, зы фІы гуэрым укъыхуриджэу, цІыхум я гум дыхьэн хуейщ. Иджырей цІыхухэм псоми дощІэ художественнэ псалъэм, плъыфхэм я зэщІэщІыпщІэм, мывэм и нэІуагъэм, манъэмэ гуанІуэм дызэрагъэгушхуэр, а гушхуэныгъэр къытщІэхъуэ щІэблэм къызэрихъуэтэжыр. Дэ-щэ, дэ тщІэр сыт? Дыщодыхьэшх, догъэкІэ. Аращ зауэм хэкІуэдахэм фІыщІэу нэлъысыжыр? «Фантомасым» хуэдэу, нэкІуи сыти ямыІауэ ара абыхэм? Хьэуэ, яІащ икІи яІэнущ. Дэнэ щІыпІэ сымыкІуами, щытщ щхьэхуитщІыжакІуэхэм я фэеплъэр, я нэгу зэІухауэ, я лъакъуэ щІэмыщІэу, я щхьэр пагэу Іэтауэ. Аращ щхьэхуитныгъэм и бэнакІуэ хэкІуэдахэм я теплъэр. Едыгъэтыж атІэ а теплъэр къытщІэхъуэ щІэблэм.

Мыгурыіуэгъуэу, пхъашэу сыпсэлъагъэнкІи мэхъу. Здэит мы Іуэхум нэхъыфІу хэзыщІыкІхэм сагъэхъуапшэми сагъэзахуэми я псалъэ ягъэІуну.

ХЬЭТУ Петр.

ІУЭХУ ЕПЛЪЫКІЭ

Редакцэм къагъэхь тхыгъэхэм, къыщІахьэ статьяхэм ящыщ куэд къытемыхуэу кьоно, абыхэм къыщыІэта Іуэхухэм авторхэр зэреплъымрэ редакцэм и лажьакІуэхэр зэрегупсысымрэ зэрызэтемыхуэм къыхэкІыу. Ар тэмэм жыпІэма, тэмэмтэкъым. Авторхэм я губгъэпри мымащІэу къешэ. И лэжьыгъэм хэлъ а щыщІэныгъэр игъэзэкІуэжурэ, ди газетым къызэІуех «Іуэху еплъыкІэ» зыфІищэ напэкІуэцІыщІэр. Абы нобэ теддзэхэри, дяпэкІэ къытехуэну тхыгъэхэри къаІэт темэкІи, мыхьэнэкІи, къэІуэтэкІкІи зыхуэдэнукъым. Абыхэм яхэтщ икІи яхэтынущ аразы узыгехъуэни, тхыгъэр зейм ущІеныкъуэкъуни, умыдэххэни. КІэщІу жыпІэмэ, цІыху щхьэхуэхэм я Іуэху еплъыкІэщ тхыгъэхэм яхэлъэгъуэн хуейр? Атіэ хэт мызахуэр, захуэр, хэт и псалъэр нэхъ тэмэм? Абы прегупсыс щІаджыкІакІуэри, Ирегупсысри Іуэхум зэреплъыр къытхуретх.

Я Іуэху еплъыкІэр зэтеуцуакъым.

Илъэс зы-тІу япэкІэ «Ленин гъуэгу» газетым сыкъы-

Я Іуэху еплъыкІэр зэтехуакъым.

Тезыхар
ЩОМАХУЭ Владимирщ.

Язныкъуэ «идеологхэм» я гупсысэр зэрауэуэм пыщІэмэ, дунейм зы къуалэбзу бзэ фІэкІа щІытетын щыІэтэкъым. Бзу гъуабжэм и бзэр е къуаргъым и бзэр нэхъ тыншщ: «кІыр-кІыр» жыли зэфІэкІащ. Хьэуэ жыІэмэ, къуаргъыр дэнэ щІыпІи щопсэуф — «къуаргъ-къуаргъэ кІишІмэ, ари къохъулІэнущ.

Арщхьэкіэ... тхьэм и шыкуркІэ, дунеигъэм щызекІуэ хабзэхэр акъыд пхэнжкІэ зэфІэІуа Іуэхугъуэхэкъым: щыпкъагъэм нахь и гъунэгъу гурылъ-гупсысэхэм бжьыпэр щаубыд щыІэщ. Ди пыІэзфІэхъ зэманри апхуэдэу къызолъытэ.

Ди къэралым ис лъэпкъ куэдым яку дэлъу къыщІидза зэхуэмыдэрзыныгъэм и зы щхьэусыгъуэу уващ анэдэлъхубзэм и Іуэхугъуэ зэхагъэзэрыхьахэр. Апхуэдэу къыщІэслъытэр мыращ: экономикэм ехьэлІауэ зэрахьэзэрахъэхэри хузунэтІат лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэр вакъэ зэвым игъэувэным.

Иджы нахуэу ди нэгу щІокІ: украинхэм жаІэ дэ дыукраинину дыхуейщ, грузинхэм — дыргузинынущ, датышхэм —дылатышунущ... Сэ си щхьэкІэ жызоІэ: сыадыгэну сыхуейщ. Урысми арац жиІэнур: сэ сыурысынущ. Сыт абы емыкІуу хэлъыр? Емыкіу зыхэлъыр адыгэм — сымыадыгащэрэт, урысым — сымурысащэрэт, жаІэмэщ.

Сэ сыхуэзакъым, жаІэри ятхыри срихьэлІакъым «сымыурысащэрэт» жызыІэ урыс. Ауэ «сымыадыгащэрэт» жызыІэфын щІыху адыгэм кънлъхуауэ къыщІэкІащ. Апхуэдэ гупсысэ кІыфІкІэ зэІуродзэсыкІ щІэныгъэ Іуэхум и шхуэмылакІэр зыІэщІалъхьа ялынкъуэхэр. Дзэлыкъуэ районом и унафэщІ Мырзэкъаным иджыблагъэ «Кабардино-Балкарская правда» газетым къытригъэдза тхыгъэр.

Шхуэмылакіэр зыІыгъым куэд елъытащ гур уфэрэкІынуми, щыхупІэм щыкІынуми, е бэІутІэлъущэу къызэтенэнуми. Мырзэкъаныр зи пашэхэм я Іуэху зэрыхъунум нобэ куэд ирогуэавэ, иризэгуоп, сыту жыпІэмэ а лІыр лъэпкъыбзэм и бийщ, лъэпкъыбзэм и бийр лъэпкъым и бийщ, лъэпкъым и бийм и нэгу щІэлъыр къэщІэгъуейщ...

Нсалъэ зытІущкІэ захуэзгъэзэнут иджы а Мырзэкъанми ар зи жьауэ щІэтхэми:

1. СССР-м и цІыхубэ депутат Е. А. Елисеевым къэралым и Совет Нэхъыщхьэм ди къэбэрдей-балъкъэр щІыпІым Дзэлыкъуэ районым цІыху телъыджэ нэхъ лейуэ къитэджауэ, урысыбзэкІэ предмет псори джыным япэу а районым щыхуэкІуауэ щытами.

«Гъуэгу благъэ жыжьэ нэхърэ, гъуэгу жыжьэ благъэ», — жиІащ адыгэм. Мырзэкъаным хуэдэхэм кІыхьэхыр гъуэгу благъэ жыжьэращ. Ди гъуэгу «благъэр» жыжьэ щІэхъуар абы бэІутІэІу, лъэпощхьэпо пыщІахэщи араш. Уеблэмэ а гъуэгу «благъэм» уи къуэпсыр щыгъуэжынри хэлъщ. Ари къагурыІуэну дыхуейщ Мырзэкъаным хуэдэхэм.

Анэдэлъхубзэм еныкъуэкъухэм иджыри зы псалъэжь ягу къэзгъэкІыжынут: уи нэм кІеІэи и псэм еІэ. АтІэ нэри къигъэнауэ, псэм занщІэу Іэбэхэм сыт хуэдэбзэ дазэрепсалъэн хуейр? Лъэпкъыбзэм еІэр лъэпкъыпсэм мэІэбэ — нэгъуэщІкъым! Дыргъэсакъ, маржэ хъужынхэ! Ярэби, Мырзэкъаным хуэдэхэр лъэпкъым щымыкІытэми, щыпшынэн хуейтэкъэ?!

Зэрыкаіэмкіэ, бзэр куууэ щрагъэдж классхэр къызэрагъэпэщауэ, адыгэ хабзэхэр зэрырагъэджын программэхэри зэхалъхьауэ Іуэху щхьэпэ гуэрхэри Дзэлыкъуэ районом щалэжь. Хъарзынэщ, дэгъуэщ. Ауэ абыкІэ бзэр хъума хъуну ди фІэщ яІу дыкъагъэпэщІэну е я щхьэр къагъэпэщІэжыну араш. Нобэ адыгэм, щыпсалъэкІэ, бжыгъэщІэр къызэримыгъэсэбэпыжым къыкІэлъыкІуэу, щыІэщІэхэр, плъыфэщІэхэр, Мырзэкъанымрэ ар зи жьауэ щІэтхэмрэ жаІэнкІи мэхъу: «Хьэуэ, дэ жытІэр зэхъуэкІ, дэ жытІэм нэгъуэщІ къыдогъэкІ». Пэжкъым, зэхъуэкІыркъым. Илъэс 30—40 зи ныбжьхэм жыгхэм, удэхэм, псэущхьэхэм, дуней къэхъукъащІэхэм я фІэщыгъэщІэу дапщэ къыбжаІэфыну пІэрэ? Іэпхъуамбищ1ыр урикъункІи мэхъу ар къриплъытэну. Ауэ щыхъукІи, ди адыгэбзэр а урысыбзэ зызыкІэрыфшытІэм нэхърэ щыпэхъ къудей куэдрэ урохьэлІэ. Псалъэм папщІэ, фхужыІэмэ феплъ урысыбзэкІэ мыпхуэдэ адыгэбзэр, абы щыгъуэми зы налъэ кІэрымыхуу: 1. уэс къос; 2. уэшх кэшх; 3. мэ къысщІехьэ; 4. дэлъху (къуэшым хэмызэрыхьу); 5. адэш; 6. анэш... куэд мэхъу апхуэдэхэр.

Адыгэ къэкІыгъэщІэу 1000-м нэс иту тхылъ щыІэщ. Иджыпсту «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм щІэлъщ Іэрытх, адыгэ къэкІыгъэщІэ 1.500-м нэс иту, ари къыдагъэкІынущ. Абыхэм нэгъуэщІыбзэм къыхэкІауэ зэхъуэтІакъуэщ. Урысыбзэм и къэкІыгъэщІэхэр къапщтэмэ, зым етІуанэр латиныбзэщ, грекыбзэщ, тыркубзэщ е нэгъуэщІыбзэщ.

Предмет псори урысыбзэкІэ япэ классым къыщыщІадзауэ сабийхэм ямыджэ, иужькІэ хъэлэч Іуэхур хъуну къэзыгъэувэкІ, къэхуэсэхынут иджыри щапхэ нэрылъагъуэхэр. Нэгъуэщі къэралхэм кънкІыурэ ди Хэкум щоджэ негрхэри, хьэрыпхэри, индусхэри... Сэ си нэІуасэу щытащ хьэрып къэралхэм кънкІахэу ди университетым щеджа зыбжанэ, иджыпстуи щеджэхэм я Іуэху зыІут мащІэу сыщыгъуазэщ. Фегупсысыт: илъэс 18—19 хъухукІэ урысыбзэ зэхэзымыха цІыхухэм зы илъэсиплъэситІым уэрсэрыжьу зрагъащІэри щІэныгъэ нэхъыщхьи зрагъэгъуэт, уеблэмэ абыхэм я лэжьыгъэхэр урысыбзэкІэ ятхыу пхагъэкІыу, еджагъэшхуэхэри къащыхэкІыр мащІэкъым.

Иджы дызэхуевгъэплъыт. Дзэлыкъуэ районым къралъхухьэр дунейм къызэрытехьэу урысыбзэм «кІуэцІамышыхьмэ», ЩІыр зэрыкІэрахъуэм кІэрычыну къафІощІа зи гугъу сщІыхэм. Пэжыр жытІэмэ, апхуэдэ «кІуэцІышыхьыным» сабийр адэмыгуу кънгъэтэджынущ, и фэрэ и нгурэ, и акъылкІэ нэсу зыкъимытІэтауэ. Арагъэнущ лъэпкъыбзэм и бийхэр зыхуейр.

Мы зыри яжесІэнут сызыхуэшхыдэхэм. Ярэби, апхуэдизу адыгэри адыгэбзэри флъагъу щымыхъукІэ, дауэ фисыф мы ди лъахэм? Урысейм и жылагъуэ мин 50-м нэблагъэр нэщІ хъуащ. (Ар Москва къыщыдэкІ газетхэм ятхащ). НтІэ, мис а нэщІ хъуам, лъахэгъу адыгэ щывмылъагъун, адыгэбзи щызэхэвмыхыххэн. ди псыри щывмыгъэутхъуэнухэм щхьэ фымыІэпхъуэрэ? Газетхэм къытохуэ лэжьакІуэ дыхуейщ, фыщыпсэуну фыкъакІуэ, унэ, Іэщ, хадэ, псэуалъэ фэттынщ, жаІэурэ.

Ауэ фыІэпхъуэжми, мы зыр гурыІуэгъуэщ: вгъэунэнукъым, арагъэнщ фыщІэмыІэпхъуэр. Зи лъэпкъыр зыгъэунэну яужь имытым нэгъуэщІ лъэпкъыр игъэунэхъупэнщ.

Си псалъэр сухынщ газетеджэ ныбжьэгъухэм захуэзгъазэу: дэ насып гуэр диІэну дыхуейми, хуэмыфащэ ІэнатІэ зыубыдахэу мэлхъэпІатэу шэнтым зыкІэрызыукІахэм якетІэну и чэзущ зыжьэу: «Куэдщ, афІэкІа фытхуэщэчыжынукъым!»

СОНЭ Абдулчэрим,
«Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и редактор нэхъыжь, журналист.

БЗЭР ЛЪЭПКЪЫМ И ГЪУДЖЭЩ

бийхэр я анэдэлъхубзэкІэ еплІанэ классым нэс егъэджэным теухуауэ къыщипсэлъар пщІы фщІыну фыхэту ара?

2. КПСС-м и Къэбэрдей Балъкъэр обкомым егъэджэныгъэ, гъэсэныгъэ, ущиныгъэ икІи нэгъуэщІ социально-экономическэ Іуэхугъуэхэм ятеухуауэ къыщІэкІынущ.

3. ЩІэныгъэм жиІэм зы мащІэкІэ щыгъуазэхэм ящІэ цІыхум и пкъынэлъынэм хэлъ духовнэ хъугъуэфІыгъуэ къуэпсым нэсу зыщиужьыр, и къару псомкІи зыщишэщІыр абы и лъым щыбауэ къыдалъху бзэр и телъэщІапІэу и акъылым зебгъэщІэнкІэ нэужьмэ зэрыщытыр. НтІэ, фэ «щІэныгъэлІ-бегъымбархэр» щІэныгъэ щыпкъэмэ фрибийуэ ара?

Фэ жыфІэнкІи мэхъу — плюрализм. Ауэ а фэ зефхьэ Іуэхур (сэри нэгъуэщІ-бзэ къэзгъэсэбэпынщи) къызолъытэ антипартийнэу, антинароднэу, антинаучнэу!

Плюрализм зыфІэщ псори плюрализм хъуркъым, социализм зыфІащ псори социализм зэрымыхъум хуэдэу. Махуэм-жащ, фІыщІэм-хужь, фІым-Іей яфІэщцкІэ, аракъым плюрализм хъужыр. Зи фІэщ мыхъур зыубзыху псалъалъэм ирелъ.

Мырзэкъаным жеІэ Дзэлыкъуэ районым ис сабийхэм я къэкІуэнум иригузавэу, адэ-анэхэми адыгэбзэкІэ егъэджэныр къыщІамыщтэр а ди нобэ хьэлэмэтымрэ дыным цІыху телъыджэ нэхъ дейуэ къитэджауэ, урысыбзэкІэ предмет псори джыным япэу а районым щыхуэкІуауэ щытами.

«Гъуэгу благъэ жыжьэ нэхърэ, гъуэгу жыжьэ благъэ», — жиІащ адыгэм. Мырзэкъаным хуэдэхэм кІыхьэхыр гъуэгу благъэ жыжьэращ. Ди гъуэгу «благъэр» жыжьэ щІэхъуар абы бэІутІэІу, лъэпощхьэпо пыщІахэщи араш. Уеблэмэ а гъуэгу «благъэм» уи къуэпсыр щыгъуэжынри хэлъщ. Ари къагурыІуэну дыхуейщ Мырзэкъаным хуэдэхэм.

Анэдэлъхубзэм еныкъуэкъухэм иджыри зы псалъэжь ягу къэзгъэкІыжынут: уи нэм кІеІэи и псэм еІэ. АтІэ нэри къигъэнауэ, псэм занщІэу Іэбэхэм сыт хуэдэбзэ дазэрепсалъэн хуейр? Лъэпкъыбзэм еІэр лъэпкъыпсэм мэІэбэ — нэгъуэщІкъым! Дыргъэсакъ, маржэ хъужынхэ! Ярэби, Мырзэкъаным хуэдэхэр лъэпкъым щымыкІытэми, щыпшынэн хуейтэкъэ?!

Зэрыкаіэмкіэ, бзэр куууэ щрагъэдж классхэр къызэрагъэпэщауэ, адыгэ хабзэхэр зэрырагъэджын программэхэри зэхалъхьауэ Іуэху щхьэпэ гуэрхэри Дзэлыкъуэ районом щалэжь. Хъарзынэщ, дэгъуэщ. Ауэ абыкІэ бзэр хъума хъуну ди фІэщ яІу дыкъагъэпэщІэну е я щхьэр къагъэпэщІэжыну араш. Нобэ адыгэм, щыпсалъэкІэ, бжыгъэщІэр къызэримыгъэсэбэпыжым къыкІэлъыкІуэу, щыІэщІэхэр, плъыфэщІэхэр, Мырзэкъанымрэ ар зи жьауэ щІэтхэмрэ жаІэнкІи мэхъу: «Хьэуэ, дэ жытІэр зэхъуэкІ, дэ жытІэм нэгъуэщІ къыдогъэкІ». Пэжкъым, зэхъуэкІыркъым. Илъэс 30—40 зи ныбжьхэм жыгхэм, удэхэм, псэущхьэхэм, дуней къэхъукъащІэхэм я фІэщыгъэщІэу дапщэ къыбжаІэфыну пІэрэ? Іэпхъуамбищ1ыр урикъункІи мэхъу ар къриплъытэну. Ауэ щыхъукІи, ди адыгэбзэр а урысыбзэ зызыкІэрыфшытІэм нэхърэ щыпэхъ къудей куэдрэ урохьэлІэ. Псалъэм папщІэ, фхужыІэмэ феплъ урысыбзэкІэ мыпхуэдэ адыгэбзэр, абы щыгъуэми зы налъэ кІэрымыхуу: 1. уэс къос; 2. уэшх кэшх; 3. мэ къысщІехьэ; 4. дэлъху (къуэшым хэмызэрыхьу); 5. адэш; 6. анэш... куэд мэхъу апхуэдэхэр.

Адыгэ къэкІыгъэщІэу 1000-м нэс иту тхылъ щыІэщ. Иджыпсту «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм щІэлъщ Іэрытх, адыгэ къэкІыгъэщІэ 1.500-м нэс иту, ари къыдагъэкІынущ. Абыхэм нэгъуэщІыбзэм къыхэкІауэ зэхъуэтІакъуэщ. Урысыбзэм и къэкІыгъэщІэхэр къапщтэмэ, зым етІуанэр латиныбзэщ, грекыбзэщ, тыркубзэщ е нэгъуэщІыбзэщ.

Предмет псори урысыбзэкІэ япэ классым къыщыщІадзауэ сабийхэм ямыджэ, иужькІэ хъэлэч Іуэхур хъуну къэзыгъэувэкІ, къэхуэсэхынут иджыри щапхэ нэрылъагъуэхэр. НэгъуэщІ къэралхэм кънкІыурэ ди Хэкум щоджэ негрхэри, хьэрыпхэри, индусхэри... Сэ си нэІуасэу щытащ хьэрып къэралхэм кънкІахэу ди университетым щеджа зыбжанэ, иджыпстуи щеджэхэм я Іуэху зыІут мащІэу сыщыгъуазэщ. Фегупсысыт: илъэс 18—19 хъухукІэ урысыбзэ зэхэзымыха цІыхухэм зы илъэсиплъэситІым уэрсэрыжьу зрагъащІэри щІэныгъэ нэхъыщхьи зрагъэгъуэт, уеблэмэ абыхэм я лэжьыгъэхэр урысыбзэкІэ ятхыу пхагъэкІыу, еджагъэшхуэхэри къащыхэкІыр мащІэкъым.

Иджы дызэхуевгъэплъыт. Дзэлыкъуэ районым къралъхухьэр дунейм къызэрытехьэу урысыбзэм «кІуэцІамышыхьмэ», ЩІыр зэрыкІэрахъуэм кІэрычыну къафІощІа зи гугъу сщІыхэм. Пэжыр жытІэмэ, апхуэдэ «кІуэцІышыхьыным» сабийр адэмыгуу кънгъэтэджынущ, и фэрэ и нгурэ, и акъылкІэ нэсу зыкъимытІэтауэ. Арагъэнущ лъэпкъыбзэм и бийхэр зыхуейр.

Мы зыри яжесІэнут сызыхуэшхыдэхэм. Ярэби, апхуэдизу адыгэри адыгэбзэри флъагъу щымыхъукІэ, дауэ фисыф мы ди лъахэм? Урысейм и жылагъуэ мин 50-м нэблагъэр нэщІ хъуащ. (Ар Москва къыщыдэкІ газетхэм ятхащ). НтІэ, мис а нэщІ хъуам, лъахэгъу адыгэ щывмылъагъун, адыгэбзи щызэхэвмыхыххэн. ди псыри щывмыгъэутхъуэнухэм щхьэ фымыІэпхъуэрэ? Газетхэм къытохуэ лэжьакІуэ дыхуейщ, фыщыпсэуну фыкъакІуэ, унэ, Іэщ, хадэ, псэуалъэ фэттынщ, жаІэурэ.

Ауэ фыІэпхъуэжми, мы зыр гурыІуэгъуэщ: вгъэунэнукъым, арагъэнщ фыщІэмыІэпхъуэр. Зи лъэпкъыр зыгъэунэну яужь имытым нэгъуэщІ лъэпкъыр игъэунэхъупэнщ.

Си псалъэр сухынщ газетеджэ ныбжьэгъухэм захуэзгъазэу: дэ насып гуэр диІэну дыхуейми, хуэмыфащэ ІэнатІэ зыубыдахэу мэлхъэпІатэу шэнтым зыкІэрызыукІахэм якетІэну и чэзущ зыжьэу: «Куэдщ, афІэкІа фытхуэщэчыжынукъым!»

СОНЭ Абдулчэрим,
«Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и редактор нэхъыжь, журналист.

Илъэс зы-тІу япэкІэ «Ленин гъуэгу» газетым сынъыщеджэгъащ профессор Къумыкъу Тыгъуэн и тхыгъэ гъэщІэгъуэн: «Истамбылакіуэ» жыхуиІэм. Тхыгъэр топсэлъыхь, бжыгъэ пыухыкІахэр кІихьурэ, адыгэхэр Хэкум зэрикІыжам, абы и щхьэусыгъуэхэм. Зэман дэкІами, а тхыгъэм ноби сегъэпейтей. Си фІэщ хъункъым ЛІэщІыгъуэ блэкІам ди лъэпкъым хуэдэу лей зылъыса лъэпкъ мы дунеищхуэм щыбгъуэтыну. ПІэжыр жыІэн хуейщ: илъэс куэдкІэ адыгэхэр пащтыхыгъуэм пэщІэтащ щалъхуа хэкумрэ я щхьэунтынигъэмрэ яхъумэжу. А зэман бзаджэм адыгэхэр дуней псом цІэрыІуэ щыхъуат я лІыгъэкІэ. К. Маркс мызэ-мытІэу щхьэхуитыныгъэм и бэнакІуэ адыгэхэм теухуауэ, абыхэм я бэнэныгъэр ядиІыгъыу, ар щапхъэу игъэуву куэд итхыгъащ. Ауэ ІэщэкІэ фІыуэ зэщІэузэда, бжыгъэкІэ куэд хъу пащтыхыдзэм упэлъэщынт? Пэлъэщакъым. Мин бжыгъэкІэ цІыхухэр, пщІы бжыгъэкІэ къуажэхэр хэкІуэдащ а Кавказ зауэкІэ зэддэм. Зауэм къела адыгэхэм джатэпэрэ гъэпцІагъэкІэ я Хэкур ирагъэбгынащ. Араш «Истамбылакіуэ» жыхуаІэжри. Кавказым къинэжа адыгэ мащІэхэри, В. И. Лениным зэрыжиІауэ «лъэпкъхэм я лъэхъуэщ Россием кІуэдыжыпІэм, щыхупІэм ирихуліат. Ауэ ди къэралым ис лъэпкъ псоми хуэдэу адыгэу Хэкум къинэжахэм я насып кънгъэзэжащ 1917 гъэм къэхъуа Октябрьскэ революцэ иным и фІыгъэкІэ. Адыгэхэм хуитныгъэ, къэралыгъуэ игъуэтыжащ, экономикэм, культурэм псынщІэу зауэбыжащ, цІыху бжыгъэхэми фІыуэ хэхъуэжу щІидзэжащ. Ди насып къэзыгъэзэжам пльэмыкІыу урегъэгупсыс ди лъэпкъэгъу, ди къуэш хамэ къэралхэм щыдэхуэхахэм ятелъ бэлыхьхэм. Псом хуэмыдэу хьэзабэщ Тыркум щыпсэу адыгэхэм я Іуэхур. Ахэр я бзэкІэ еджэн, я культурэм зрагъэужьын дэнэ къэна, зэрыадыгэр жаІэну хуиткъым. Тыркум щызекІуэ хабзэхэмкІэ ахэр лъэпкъыу къалъытэркъым. Зи хэку и бгъафэ щІэмысыж лъэпкъым мыгъуэр и махуэщ. Араш хамэ щІыпІэхэм щикъухьа адыгэхэм я псэр я хэкуяжьым къахьыжыну, лІэмэ я адэжьхэр зыщІэлъ лъахэм щІалъхьэжыныр я хъуэпсапІэу гъащІэр щІахьри. Ахэм къэкІуэжыныр и Іэмалхэри зэрахуэзэфІэкІкІэ зэрахуэ, псэзэпылъхьэпІэ абы щхьэкІэ къахуихуэ пэтми къамыгъэнэу. Ауэ щхьэзакъуэ къарукІэ а Іуэхушхуэр пхуэзэфІэкІын? ЗакъуэтІакъуэщ ар къызэхъуліэр, я Хэкужьым къэкІуэжыным и Іуэхур зэрихьэну. Абы хэтхэм къахутэнт къэкІуэжыну хуейхэм я бжыгъэр, ягъэтэмэмынт ахэр щыпсэуну, щылэжьыну щІыпІэхэр. Къэзыгъэзэжахэм къуажэхэм, къалэхэм щІапІэ къыщратынымкІэ, езыхэм я къарукІэ унэхэри ящІыжынымкІэ дэІэпыкъуэгъу хъунт.

Хамэ къэралым щыпсэу адыгэхэм я бзэри я хабзэри яІыгъыжщ.

Мыхэр къэшэжын Іуэхур япэхэми мызэ-мытІэу къалэтауэ щытащ, ауэ зы кІи зы пи имыгъуэту ужьыхьыгъащ. Иджы пэжыгъэр, цІыхугъэр тепщэ щыхъуж зэманщ. Ауэ щыхъукІэ угугъэ хъунущ цІыхубэм, дэхуэха лъэпкъым, псэуныгъэм, пэжыгъэм хуэфащэ пщІэ ягъуэтыжыну. Абы и щыхьэту къэпхь хъунущ Горбачев М. С. 1988 гъэм декабрым и 7-м ООН-м мамырыгъэм, цІыхум, абы и псэуныгъэм пэсри теухуауэ щытыи хуейуэ къызэрыщипсэлъар. Горбачев М. С. къипсэлъахэм къадэкІуэжиІащ, ди къэралым къэкІуэнухэми икІыжыну хуейхэми цІыхугъэм тету езы цІыхуэр зэрыхуейм хуэдэу унафэ тращІыхьыну. Абы и щыхьэтщ ди къэралым къэзыгъэзэжкэм, щыпсэуну къэкІуэжхэм я бжыгъэр зэрыхэхъуар икІи махуэ къэс зэрыхахъуар. А щІыкІэмкІэ ди къэралым гъэзэщІа щохъур куэд щІауэ ООН-м къищта «ЦІыхухэм я хуитыныгъэхэмкІэ всеобщэ декларацэр». А декларацэм Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ къелъытэ цІыхухэр зыхуейм къэралхэм щыпсэуну хуитныгъэ нэс яІэныр. Дэ дызытепсэлъыхьыр адыгэхэр я Хэкужь ирагъэбгынам къикІуэжынырщ. Ар нэхъ тынщу, гугъехьышхуэ пымыщІауэ зэфІэкІын хуейщ щхьэусыгъуэ лей щымыІэу.

Ди лъэпкъэгъу дэхуэхахэм къагъэзэжыным и Іуэхур ехъулІэныгъэкІэ зэфІэкІатэм, ар насыпышхуэт адыгэ лъэпкъхэм я дежкІэ икІи ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэр къІэтынымкІэ сэбэпышхуэ хъунт. Абы къыдэкІуэу ди къэралым лъэпкъ Іуэхухэр тэмэму зэрыщыгъэувам, хуэфащэ пщІэ зэрыхуащІымкІэ щапхъэ нэс ари хъунт.

ЩОДЖЭН Леонид,
КБГУ-м и егъэджакІуэ.

АДЫГЭ КЪАФЭМ ДУНЕЙР ІЭГУ ХУОУЭ

«Кабардинка» къэфакІуэ тупым Голландием зыкъыщигъэлъагъуэри, иджыблагъэ хэкум кІигъэзэжащ. Махуэ 20 абы зэрыщыІам, концерт 17 итащ. ГъэщІэгъуэнракъэ, концертхэр екІуэкІащ, цІыхур щыгъуазэ зыщІ х ъ ы б а р е г ъ а щ І э лъэпкъ ямыІэу. Ауэ, абы щхьэкІи къэмынэу, зыкъыщагъэлъагъуэ пэш инхэм тІысыпІэхэр щахуримыкъу куэдрэ къэхъурт.

Ар зи фІыщІэр, дауи, єзы къэфакІуэ гупым и цІэрыІуагъэрщ. ИпэІуэкІэ а къэрал дыдэм щыщыІам къащІыхуауэ цІыхухэм яшІэрт «Кабардинкэм» дахагъэрэ Іэзагъэу бгъэдэлъыр. Къэфакіуэ гупым и гъуса, Москва щыщ къызэгъэпэщакІуэ (импресарио) Іэзэм и зэфІэкІри къалъытапхъщ. Аращ ар нэгъуэщІ къэрал кІуэным жыджэру хэлажьыхьари, псори къызэзыгъэпэщыжари. Апхуэдэ цІыху Къэбэрдей-Балъкъэрым зэримыІэр, дауи, мыхъумыщІэщ.

«Уэху» жамыІэу пщыхъэщхьэ къэс лэжьащ цІыху щэ ныкъуэ хъу творческэ коллективыр. Ахэр, Хеетэн жиІэу, щыпэ дахэ гуэрым щыпсэуащ. АвтобускІэ яныкъашэжьырти километр 300—400-кІэ щыкІуэ къэхъуу къалэ нэхъ иныІуэхэу Амстердам, Роттердам, Эйндховен, Гаагэ жыпІэми, къэралыр зэфэхэщу къыхэкІухъащ. Ауэ, апхуэдизкІэ я зэІущІэхэр гуапэу екІуэкІырти, къатехьэлъэртэкъым. Жэпэтым хуэдэт щыпсэу щІыпІэр, тІууэ зэтет унэхэм (коттеджхэм) зыхуейзыхуэфІ псори щагъуэтырт, апхуэдизкІэ гурыхьти, еш жыхуаІэр ямыщІэу, я гумрэ я псэмрэ зэщІэІэтауэ лэжьащ. Абы и щІыІужкІэ, уи фІэщ мыхъуи хуэдизу, ди ахъшэмкІэ зэбдзэкІмэ, цІыхум хуэзэу сом 600 махуэм кратырт.

АтІэ апхуэдэ гукъыдэж къозыт къэралым и пащхьэм уи лъэкІ щумыгъэлъагъуэу къэбгъэнэнт? Къагъэнакъым. Псори къахуэарэзыуэ зыкъагъэлъэгъуащ.

ЩІыху гъэщІэгъуэн куэд Іущіащ, епсэлъыпІащ къэфакІуэхэр. Псоми хуэмыдэжу, я гуапэ хъуащ, дэнэ къалэ мыкІуами, а къэралым щыпсэу адыгэхэр зэрагъусар. Абы щыІэу къыщІэкІащ адыгэ унагъуэу 400-м щІигъу, адыгэхэм Хасэ яІэщ.

А Хасэм Іуэхугъуэ куэд щызэпкърах. Псалъэм и хьэтыркІэ, адыгэ хабзэр хъумэжьымкІэ, хэкум къэгъэзэжьыным и Іуэхукіэ, дэхуэхахэм ядэІэпыкъунымкІэ, кІэщІу жыпІэмэ, зи щхьэфэ имыІэбэ гъуэгуанэ. Ар нэгъуэщІ къэрал куэдым япыщІащ. Ди «Ашэмэз» хасэми зы къуэпс щІыкІукІэ пыщІауэ жыпІэ хъунущ.

«Ашэмэзым» и тхьэмадэ Нало Заур яцІыху, пщІэшхуэ къыхуащІ, куэдуи абы къыщІогугъ хэкум къэзыгъэзэжыну зигу илъхэм, къызэригъэгугъауэ, ядэІэпыкъуну. Я Хасэм къыбгъэдэкІыу ди «Ашэмэзым» саугъэту магнитофон къыхуагъэхьащ.

Ди къэфакІуэхэми щІыхуэ къызытрагъэнакъым. «Ашэмэз» хасэм и цІэкІэ щІакІуэ хужь ираташ абыхэм я тхьэмадэ, биологием и щІэныгъэлІ, цІыху телъыджэу къыщІэкІа Хьэтыкъуэ Фэхъти. Адыгэ тхакІуэ-усакІуэхэм я Іэдакъэщ1экІэр, ди лъахэм и щІыпІэ нэхъ хьэлэмэтхэм я сурэтхэр зэрыт тхылъхэмрэ откры ткэхэмрэ Хасэм хэтхэм хуагъэшащ.

Францием, Бельгием, Швейцарием, ФРГ-м, Люксембургым, Тыркум, Югославием, нэгъуэщІ къэралхэм адыгэ Хасэ щыІэхэм я лІыкІуэхэр (псори цІыху 500-м нэблагъэ) хэту, Голландием и Хасэм и жэрдэмкІэ зэхыхьэри, зэІущІэшхуэ ди къэфакІуэ гупым драгъэкІуэкІащ.

Артистхэм сыхьэтитІкІэ зыкъагъэлъэгъуа нэужь, псори зэхыхьэжщ, адыгэ джэгушхуэр яубляри, пхуэмыІуэтэн хуэдизу дахэу, нэжгугъэу, гухэхъуэшхуэм зэщІиІэтауэ, жэщыр фІыуэ хэкІуэтэху, зэбгъэдэмыкІыжыфу зэхэтащ. А екІуэкІа псоми видеофильм трахыжащ.

ГъэщІэгъуэн куэд щыжаІащ а зэІущІэм. Псалъэм щхьэкІэ, нэгъуэщІ къэралхэм щыпсэу адыгэ куэдым я фІэщ хъууэ щытакъым хэкужьым адыгэ къабзэ исыжу, къэна тІэкІуми, адыгэ хабзэрэ нэмысрэ яхэлъыжу. Уеблэмэ адыгабзэр ІэщІыб ящІыжарэ, урысыбзэкІэ фІэкІа мышэлъэжу, муслъымэн диныр ягъэикІэрэ, шагъыр ирафу, кхъуэл трашхыхьыжу, нэгъуэщІ емыкІу зыпылъ Іуэхугъуэ куэд ялэжьу я гугъэт.

«Хьэуэ, хьэуэ, апхуэдэ лъэпкъ ди хэкум щызекІуэркъым!» — жаІэри, ди щІалэгъуалэм зытрагъэхьакъым. Нэхъ тэмэму жысІэнщи, зрагъэумысакъым, апхуэдэ гуэрхэр къыхэтми. Уи хэкур дауэ уубыжынт? Ди къэфакІуэ гупым ехьэлІауэ жысІэнщи, нэмыс яхэлъщ, адыгэ хабзэр зэрахъумэжыным хущІокъу, хэкур фІыуэ ялъагъу, нэхъыфІ зэрыхъуным и гъуэгухэр къалъыхъуэ. Ар щыжысІэкІэ, Америкэр къызэІуахыу аракъым. Зэрыщытыр араш, «Кабардинка» ансамблым хэтхэр гъунэгъуу зыщІыху псоми фабгъэдыхьи араш жаІэнур.

Ди «Кабардинка» къэфакІуэ гупым ахъшэ мащІэ къилэжьакъым Голландием щыщыІам. Концертхэм доллар минипщІ къапэкІуащ. Ар мащІэкъым. Абы илъэс къэс сом мин 70 къилэжьын хуейщи, планым щІримыгъэгъуу зэи къанэркъым. Абы нэмыщІ жыІэн хуейщ, культурэм пыщІауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зы коллектив закъуэращ хэкум валютэ къыхуэзылэжьыр.

Иджы, щІым дыкъевгъэхыжи, «Кабардинка» къэфакІуэ гупым и гуми я псэми дыхьэу фІыуэ ялъагъу ди хэкум дывгъэкІуэжыт. Апхуэдиз ахъшэр къызыхуилэжь езы Къэбэрдей-Балъкъэрыр дауэ пІэрэ абы къызэрыхуэныт щІыкІэр? Сыт хуэдэ фІыщІэ, сыт хуэдэ гулъытэ хуищІрэ? Іуэху зэфІэмыхьэ куэдым щІигъунащ коллективыр. Дыдэвгъэхьи, девгъэплъ «Кабардинка» къэфакІуэ гупым зыщагъасэ унэм и пщІантІэм. Дунейм теткъым зэрыпщІэн культурэм и мэ щыуауэ, мы ансамблъ цІэрыІуэм и артистхэр абы дыхьэдэкІыжу, ФІейщ, теплъэджэщ. Абдежым «Кавказ» кафем и псэуалъэхэр щызэхэтщ, ашычыжьхэр щызэтельщ, ижъухьащ. Пивэ щашэри, бдзэжьей шхахуэхэр адэкІэ-мыдэкІэ къуэлъщ. Пивафэхэр кІурушкІэхэр яІыгъуу щызоуалэри дэтщ, зэрызохьэ, зэрогъэкІий.

А псоми ягъэдахэркъым коллективыр.

Иджы бжэр къыІудывгъэхи дыщІэвгъэхьэт я унэм. Пэшхэри щІагъуэкъым. Блынхэр къызэтеуэнкІэ хъунущ. Пэжщ, зыщагъасэ пэшышхуэм дэбгъуэн щыІэкъым, ауэ къэфакІуэхэм дахэ-дахэу зыщатІэщІын-зыщахуэпэн яІэкъым. Лэжьыгъэ нэужьым псы къудей зыдагъэжэхыжыну Іэмал яІэкъым. ЩІалэхэми хъыджэбзхэми зыщатхьэщІу, зытхьэщІыпІэ закъуэ щыту аращ, ари псы щІыІэ фІэкІа къимыжу.

НтІэ, апхуэдэу дауэ улэжьэну? Гугъущ!

Къэфакіуэ гупым и нэхъыбапІэр къуажэм кІикІащ, унэ яІэкъым. Фэтэр щІэсхэр мащІэ дыдэщ. Илъэс 17-кІэ лэжьа яхэтщ иджыри къэс унэ къызылъымысахэм. Общежитхэм щІэсщ. Щхьэж зэрыхуэхъум хуэдэу зыщыпсэун къелъыхъуэж, ахъшэ тІэкІу кратыр фэтэрым щІитыжу.

НтІэ, а псор дауэ зэрыпшэчыну?

Яшэч, я лэжьыгъэр фІыуэ ялъагъури. Зэпымыууэ къагъэгугъэри. Ауэ абыхэм гулъытэ хуэзыщІыну зи пщэ къыдэхуэхэм я зыгъэзэр зы мазэщ. Тэмэмт, щхьэж и лэжьыгъэ елъытауэ пщІэ хуащІамэ.

Апрелым и 15-м ансамблыр аргуэру нэгъуэщІ къэралхэм макІуэ. МахуипщІкІэ Португалием зыкъыщигъэлъагъуэнурэ, иужькІэ Испанием кІуэнущ. Испанием мазихкІэ щыІэнущ. Иужькіэ, ноябрым хуэзэу, Голландием аргуэру трагъэзэнущ. КІэщІу жыпІэмэ «Кабардинкэр» илъэсым и кІэ пщІондэ тлъагъунукъым.

Ди фІэщ мэхъу абы и пщІэм, и щІыхьым хэхъуауэ къызэригъэзэжынур.

ПЕТР Хь.

Кин Иринэ (сурэтым) Нарткъалэ Іуэхутхьэбзэщіапіэмкіэ унэм и дакІуэ нэхъыфІхэм я щыщщ. Абы ед цІыхубз щыгъынхэр икІи сыт щыгъуи хущІокъу цІыхухэр арэзы зэрищІыным.

Тезыхар ЩОМАХУЭ Владимирщ.

дунейр нобэ

ИУЖЬ СЫХЬЭТЫМ

ПАРИЖ. Непалым и король Бирендрэ арозы хъуащ политическэ партхэр лэжьэну хуит ищІынэу. Апхуэдэ кхыбар къитащ франспресс информационнэ агентствэм. Непалым и королыр опозицэм и лІыкІуэхэм щагъэлъагъуэ абы щхьэкІэхэр тегъэщІапІэ ищІу.

Нэхъапэкіэ Непалым и парламентэм и депутат гупым королым зыхуигъэзауэ щытащ къэралым парт куэд хъу системэ цыхагъэхъэну елъэІуу.

БУДАПЕШТ. Венгрием и центральнэ хэхакІуэ комиссэм кьІэрохьэ апрелым и 10-м Венгрием и Политбюрэм и членхэм я Іофыгъуэхэр зэхэлъыкІыгъэным и Іофыгъуэхэр зэхэлъыкІыгъэным и Іофыгъуэхэр зэхэлъыкІыгъэным и

ИУЖЬ СЫХЬЭТЫМ

ПАРИЖ. Непалым и король Бирендрэ арэзы хъуащ политическэ партхэр лэжьэну хуит ищlыжыну. Апхуэдэ хъыбар къитащ франспресс информационнэ агентствэм, Непалым и королыр оппозицэм и лlыкlуэхэм щаlущlам абы щыжаlахэр тегъэщlагъэ ищlу.

Нэхъапэкlэ Непалым и панчалтэм и депутат гупым королым зыхуигъэзауэ щытащ къэралым парт куэд хъу системэ щыхагъэхьэну ельэlуу.

БУДАПЕШТ. Венгрием и центральнэ хэкакlуэ комиссэм къыlэрохьэ апрелым и 8-м мыбы щекlуэкlэ парламентскэ хэхыныгъэхэм кърикlуахэм теухуа хъыбархэр. Апрелым и 9-м и жэщым къаlэрыхьа бжыгъэхэм япкъ иткlэ Венгрием и къэрал собранэм и мандатхэр ягуэшу щlадзащ. Зэкlэ къызэралъытэмкlэ, Венгерскэ демократическэ форумым мандату 164-рэ, нэгъуэщlу жыпlэмэ парламентскэ мандат псоми я процент 42,50-р лъысыкlэ хъунущ. Демократ щхьэхуитхэм я союзым — мандат 92-рэ (процент 23,89-рэ). Щхьэлкъуэрылажьэ жыгъейхэм я парт щхьэхуитым — мандат 43-рэ (процент 11,16-рэ). Венгерскэ социалистическэ партым — мандат 33-рэ (процент 8,57-рэ). Демократ ныбжьыщlэхэм я союзымрэ Христианско-демократическэ щlыхьэ партымрэ — дэтхэнэми мандат 21-рэ, (проценти 5,52-рэ) ялъысыну хуагъэфащэ. Къэна парлъментскэ мандат 11-р парт гуэрми хэмыт депутатхэм, нэгъуэщl политическэ партхэм Iэ Iэтыным кърикlуахэм тещlыхьауэ зэхуагуэшынущ.

АФИНЫ. «Новая демократия» консервативнэ партыр япэ итщ тхьэмахуэ махуэм Грецием щрагъэкlуэкlа парламентскэ хэхыныгъэхэр къарикlуахэм япкъ иткlэ.

Iэ Iэтыным кърикlуахэр зэкlэ щызэхалъхьажар хэхыныlэ участкэхэм я 1ыхьэ ныкъуэм изблагъэрщ. Къэрал кlуэцl Iуэхухэмкlэ министерствэм къызэритамкlэ, Iэуэ яlэтам и процент 47,9-рэ консервативхэм ялъысащ, абыхэм я ныкъуэкъуэгъу нэхъыщхьэм — Грекпсо социалистическэ зэщlэхъеныгъэ партым — процент 38-рэ. Грецием и Компартыр зыхыхьэ, лев, прогрессивнэ къарухэм я коалицэм — проценти 9,6-рэ.

ГАВАНЭ. Сан-Сальвадорым и архиепископ Артуро Риверэ-и-Дамас Сальвадорым Iэщэкlэ зэщlэуэзда и къарухэмрэ Лъэпкъыр щхьэхуит къегъэщlыжынымкlэ фронту Фарабундэ Марти и пlэр зезыхьэмрэ (ФНОФМ) къыхуриджащ тхьэмахуэ зэхуаку гъунэгъу дыдэм кърибубдэу военнэ операцэ гуэри ирамыгъэкlуэкlыну. Къалащхьэм и члисэхэм ящыщ зым тхьэмахуэ уаз щыщитым абы зэныкъуэкъу лъэныкъуитIым яхуигъэуващ тхьэмахуэ зэхуаку дызыхуэкlуэм католическэ члисэм диным пыщlа Iуэхугъуэхэр зэрилэжьынум къыхэкlыу «лащэр ягъэтIылъыну икlи лъыгъажэр зэпагъэукlуэ».

ЛОНДОН. Къэрал, международнэ организацэу 110-м щlигъум я лlыкlуэхэр хэтщ кокаиным, наркотикхэу къагъэсэбэпыр нэхъ мащlэ щlыным теухауэ Британскэ къалащхьэм нобэ къыщызIуаха дунейпсо конференцым.

(ТАСС, апрелым и 9-м).

Къалащхьэ аэропортым мартым и 22 махуэр адрейхэм къазэрыщхьэщыкl щымыIэу щыкlуэрт. Щылъэтэну зэманым щыпэплъэ залым ар щlэтт и фызыр и гъусэу, полицэ щэхум и лэжьакlуэхэм — хъумакlуэхэм къаухъуренкъауэ. Абы сытым деж и гъусэт хъумакlуэхэр: и ныбжьагъуэхэм икъукlэ щщlэшхуэ кlыхуэщlырт, и бийхэм гуащlэу къалъагъу хъуртэкъым. Абы щlыхуэхэр кlыбгъэдыхьэрт, кьехъуэхъурт. Адрей псоми ар къаухэщырт щхьэпэлъагэу, Iэчlэчу, щхьэц фlыщlэу, и нэгур сыт щыгъуи зэлъыIухауэ.

Мис, пыгуфIыкIыу къыхуэкlуэ щlалэщlэм и Iэр къыхуеиный, ауэ сэлам кърахыным и пlэкlэ къыкъуинхъуэта автомат кlэщlыр къытрегъэлъалъэри щlэкlыпIэмкlэ щlопхъуэж. Зы напIэзыпIэкlэ Iэнкун хъуа хъумакlуэхэр абы кlэлъопхъэр. Зи бгъэр автоматышэхэм гъуанэщlанэ ящIа щlалэр унэ лъагум икъукъдияуэ лъыпцlэм хэлъщ. Къэхъуа зэрызехьэщхуэ я зыхигъапщкlуэу лIыкIыр яlэщlэкlыну къыщцыхъурт. Ауэ и лъакъуэ лъэныкъуэм зы шэ тохуэ, адрейр и Iэм пхольэтри автоматыр къы1э-щlегъэху, езыри къаубыдри зэкlуэцlапхэ.

ЛIыкIым хигъэщIа щIалэр «дэIэпыкъуэгъу псынщIэм» епхъуатэри нэхъ гъунэгъу дыдэ сымаджэщым негъэс. И пщэм шэ зыбжанэ, и ныбэми апхуэдиз хэлъщ. Зыкъмыщlэжу ар операцэ щащI стIолым телIыхьащ. Зи гугъу тщIыр—Бернардо Харамильо—Колумбием и лев къарухэм я коалицэ Патриотическэ союз (ПС) жыхуиIэм и унафэщIыри. Илъэс 35 ныбжьым иг Харамильо политик Iущт, къызэгъэпэщауэ Iэкlуэлъакlуэт, щIыхьышхуэ къыхуащIырт. Зы мазэ дэкIмэ, абы и кандидатурэр кърингъэгъэлъэгъуэн хуейт президенту хахыну.

Властхэмрэ наркомафиемрэ я зэзауэм ирагъэшауэ, къэралыр уэрамхэм къыдыхьащ демонстрацэ иригъэкIуэкIыну, забастовкэ къиIэтащ къуаншэхэм тезыр ятелъхьэн икlи щlэпхъаджгъэхэр емыгъэлэжьын хуейуэ къигъэуву. Оппозиционнэ парт зыбжанэм правительствэм зыхуагъэзащ президент хэхыныгъэхэр адэкlэ ягъэкlуэтэну къыхурадзэу.

Харамильо зэраукIамкIэ Патриотическэ союзым игъэкIуэщlащ къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министр Карлос Лемос, а союзым и пашэ щlыхум къытехьа шынагъуэм и инагъыр къызэримылъытам икlи ар къэмыгъэхъун папщlэ зыри зэримылажьам къыхэкlыну. Патриотическэ союзым и председательщIэ Диего Монтанье ягу къигъэкlыжащ министрым иджыблагъэ жиIа мыпхуэдэ псалъэхэр: Патриотическэ союзым пыщlэныгъэ быдэ яхуиIэщ Колумбием Iэщэкlэ зэщlэуэзда и революционнэ къарухэм я повстанческэ гупым. Лъабжьэ лъэпкъ зимыIэ апхуэдэ псалъэхэм Патриотическэ союзым и активистхэр шынагъуэ щытыкIэм иригъэувэрт, сыту жыпIэмэ ультраправэхэм щIэпхъаджагъэхэр ялэжьыну щхьэусыгъуэ яритырти. Ауэ ныкIыным и пэ къихуэу Харамильо жиIат министрым и псалъэхэр левэ коалицэм и унафэщIхэм я дежкIэ «укI суду» щыту. Икlи Харамильо щыуатэкъым.

Хэт Харамильо езыгъэукlар? Властхэм епIэщIэкIыу жаIащ Харамильо яукIыну унафэ зыщIар колумбийскэ наркомафием и унафэщIхэм ящыщ зы Пабло Эскобаруэ. Ауэ абы идакъым а щIэпхъаджагъэр зыкIи зригъэкIуэлIэн «Наркомафием щхьэусыгъуэ лъэпкъ иIакъым Харамильо иригъэукIыну», — хуитхащ абы Патриотическэ союзым и председатель Монтанье. Пэжу пIэрэ ар?

Езы Эскобар и щхьэкIэ хэмытагъэнкIи хъунщ, ауэ а щIэпхъаджагъэм наркомафиер пымыщIауэ жыIэгъуейщ. Наркомафиер, алигархиер, абы къызэригъэщэщ «ажалзехьэ экскадронхэр», апхуэдэуи реакционнэ гурыщIэ зиIэ дэз къулыкъущIэхэр, уеблэмэ властхэм я лIыкIуэ языныкъуэхэр зыгуэркIэ зэпыщIа хъущ. А псори зэхэзыгъэкIын хуейр полицэщ. Ауэ зи гугъу тщIы щIапхъаджагъэм мыгурыIуэгъуэ куэд хэлъщ. ЛIыкIыр илъэс пщыкIух фIэкI мыхъуу къыщIэкIащ. Щыпкърыпущlыхьам абы жиIащ песо мин 300-кIэ (доллар 700-м ноблагъэ) Медельин къалэм къыщащтауэ. Зыгуэрми и щIэ криIуэн ндакъым.

Ауэ иджы Iупщl къэ-

хъуащ «Медельинскэ картелыр» Харамильо яукIыным зэрыпыщIар фIэщ пщызыщI куэд.

Патриотическэ союзым зэрыщыхуагъэфащэмкIэ, щIэпхъаджагъэм и къызэгъэпэщакIуэр щыщхуэ зыбгъэдэлъ, «Медельинскэ картелым» хыхьэ, террорист бандэм и Iэтащхьэ Фидель Кастаньещ. Ар цIэрыIуэщ «сыт хуэдэ левэми» лъагъумыхъуныгъэ куу зэрыхупIэмкlэ, зыгуэрхэм зэрыжаIэмкlи, реакционнэ дзэ къулыкъущIэхэм япыщIащ.

Бернардо Харамильо Политическэ союзым и етIуанэ председателъ икIи а организацэм щыщу илъэсихым къриубыдэу ультраправэ террористхэм яукIа цIыху 1.043-м плIыщIрэ епIащэу къыпыуващ. Иджы зи чэзыр Политическэ союзым и ещанэ председателырщ. Зэрамыгъэпсэунур абы къраIуэкIакIэщ...

ЖУКОВСКИЙ Константин.
(ТАСС).

Аэропортым щаукIащ

«дэIэпыкъуэгъу псынщIэм» епхъуатэри нэхъ гъунэгъу дыдэ сымаджэщым негъэс. И пщэм шэ зыбжанэ, и ныбэми апхуэдиз хэлъщ. Зыкъмыщlэжу ар операцэ щащI стIолым телIыхьащ. Зи гугъу тщIыр—Бернардо Харамильо—Колумбием и лев къарухэм я коалицэ Патриотическэ союз (ПС) жыхуиIэм и унафэщIыри. Илъэс 35 ныбжьым иг Харамильо политик Iущт, къызэгъэпэщауэ Iэкlуэлъакlуэт, щIыхьышхуэ къыхуащIырт. Зы мазэ дэкIмэ, абы и кандидатурэр кърингъэгъэлъэгъуэн хуейт президенту хахыну.

Властхэмрэ наркомафиемрэ я зэзауэм ирагъэшауэ, къэралыр уэрамхэм къыдыхьащ демонстрацэ иригъэкIуэкIыну, забастовкэ къиIэтащ къуаншэхэм тезыр ятелъхьэн икlи щlэпхъаджгъэхэр емыгъэлэжьын хуейуэ къигъэуву. Оппозиционнэ парт зыбжанэм правительствэм зыхуагъэзащ президент хэхыныгъэхэр адэкlэ ягъэкlуэтэну къыхурадзэу.

Харамильо зэраукIамкIэ Патриотическэ союзым игъэкIуэщlащ къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министр Карлос Лемос, а союзым и пашэ щlыхум къытехьа шынагъуэм и инагъыр къызэримылъытам икlи ар къэмыгъэхъун папщlэ зыри зэримылажьам къыхэкlыну. Патриотическэ союзым и председательщIэ Диего Монтанье ягу къигъэкlыжащ министрым иджыблагъэ жиIа мыпхуэдэ псалъэхэр: Патриотическэ союзым пыщlэныгъэ быдэ яхуиIэщ Колумбием Iэщэкlэ зэщlэуэзда и революционнэ къарухэм я повстанческэ гупым. Лъабжьэ лъэпкъ зимыIэ апхуэдэ псалъэхэм Патриотическэ союзым и активистхэр шынагъуэ щытыкIэм иригъэувэрт, сыту жыпIэмэ ультраправэхэм щIэпхъаджагъэхэр ялэжьыну щхьэусыгъуэ яритырти. ЛIыкIыным и пэ къихуэу Харамильо жиIат министрым и псалъэхэр левэ коалицэм и унафэщIхэм я дежкIэ «укI суду» щыту. Икlи Харамильо щыуатэкъым.

Хэт Харамильо езыгъэукlар? Властхэм епIэщIэкIыу жаIащ Харамильо яукIыну унафэ зыщIар колумбийскэ наркомафием и унафэщIхэм ящыщ зы Пабло Эскобаруэ. Ауэ абы идакъым а щIэпхъаджагъэр зыкIи зригъэкIуэлIэн «Наркомафием щхьэусыгъуэ лъэпкъ иIакъым Харамильо иригъэукIыну», — хуитхащ абы Патриотическэ союзым и председатель Монтанье. Пэжу пIэрэ ар?

Езы Эскобар и щхьэкIэ хэмытагъэнкIи хъунщ, ауэ а щIэпхъаджагъэм наркомафиер пымыщIауэ жыIэгъуейщ. Наркомафиер, алигархиер, абы къызэригъэщэщ «ажалзехьэ экскадронхэр», апхуэдэуи реакционнэ гурыщIэ зиIэ дэз къулыкъущIэхэр, уеблэмэ властхэм я лIыкIуэ языныкъуэхэр зыгуэркIэ зэпыщIа хъущ. А псори зэхэзыгъэкIын хуейр полицэщ. Ауэ зи гугъу тщIы щIапхъаджагъэм мыгурыIуэгъуэ куэд хэлъщ. ЛIыкIыр илъэс пщыкIух фIэкI мыхъуу къыщIэкIащ. Щыпкърыпущlыхьам абы жиIащ песо мин 300-кIэ (доллар 700-м ноблагъэ) Медельин къалэм къыщащтауэ. Зыгуэрми и щIэ криIуэн ндакъым.

Ауэ иджы Iупщl къэ-

хъуащ «Медельинскэ картелыр» Харамильо яукIыным зэрыпыщIар фIэщ пщызыщI куэд.

Патриотическэ союзым зэрыщыхуагъэфащэмкIэ, щIэпхъаджагъэм и къызэгъэпэщакIуэр щыщхуэ зыбгъэдэлъ, «Медельинскэ картелым» хыхьэ, террорист бандэм и Iэтащхьэ Фидель Кастаньещ. Ар цIэрыIуэщ «сыт хуэдэ левэми» лъагъумыхъуныгъэ куу зэрыхупIэмкlэ, зыгуэрхэм зэрыжаIэмкlи, реакционнэ дзэ къулыкъущIэхэм япыщIащ.

Бернардо Харамильо Политическэ союзым и етIуанэ председателъ икIи а организацэм щыщу илъэсихым къриубыдэу ультраправэ террористхэм яукIа цIыху 1.043-м плIыщIрэ епlIанэу къыпыуващ. Иджы зи чэзыр Политическэ союзым и ещанэ председателырщ. Зэрамыгъэпсэунур абы къраIуэкIакIэщ...

ЖУКОВСКИЙ Константин.
(ТАСС).

ГУ ДАУЭ ЗАЛЪЭБГЪЭТЭНУ?

апхуэдэ щыгъын лIэужьыгъуэу хуэдитIкIэ нахъыбэ щащэ илъэситху и пэкlэ ельытауэ. Псом хуэмыдэу абыхэм щIэупщIэшхуэ щаIэщ щIалэгъуалэм я дежкIэ. Языныкъуэ щIалэхэмрэ хъы-[illegible] футболым 25-рэ кlещIэжу.

И хэкуэгъуэр я лъагъын лIэужьыгъуэм апхуэдэу зэрыдихьэхым профессорым гукъэкI иригъэщIащ абы и лъэныкъуэкIэ къэхутэныгъэ иригъэкIуэкIыну. Iущщl къызэрыхъуамкIэ, нэхъыбэр дэзыхьэхыр спорт дамыгъэ гуэр зытелъ щыгъынырщ. Адрейхэм ягу нэхъ ирохь сурэт дыхьэшэх зытещIыхьахэр е гушыIэ тхыгъэ зытетхэр.

Сурэтхэм, тхыгъэхэм къыбжаIэ ахэр зи майкэхэм тетхэр зи лъэныкъуэ политикэмрэ политикхэмрэ. Къапщтэмэ, президент хэхыныгъэхэм япэ къихуэ кампаннехэм деж куэдым ящыгъщ а къулыкъур зыIэрыгъэхьэным щIэбэнхэм я сурэтхэр зыхэщIыхьа майкэхэр.

«Футболкэхэр куэдым къагъэсэбэп гу зылъэгъатэн, езыр зыхуэдэр адрейхэм хуаIуэтэн папщIэ, — жеIэ Б. Корнуэлл. — Уэ екIуу да джинс, гушыIэ зыхэль тхыгъэ зытет футболкэ зепхъэмэ, абы къиныр дахэу зыпхуэнафу. Iуэрыlуэдау ущыту аращ».

Профессорым зэрыжиIэмкIэ, цIэрыIуэгъкIэ футболкэхэм США-м щебгъапщэ хунурэ автомобилхэм кIэрагъапщIэхэрщ. Хэт ищIэрэ, абыхэмэ теухуауэ къэхутэныгъэ зыгуэрхэм ирагъэкIуэкIынкIэ хъунщ.

ЛЕБЕДЕВ Иван.
(ТАСС).

1992 гъэм екIуэкIыну щIымахуэ олимпиадэм зыхуегъэхьэзыр Альбервиль франпузскэ къалэ цIыкIум. Альбервиль пэгъунэгъу Мерибель къуажэм (сурэтым) щекIуэкIынущ хоккеймкIэ, цIыхубз слаломымкIэ зэхьэзэхуэхэр.

(ТАСС).

ТВ

Апрелым и 11

Япэ программэ. 6.30 — «Дакъикъи 120-рэ». 8.35 — «Смерть» под парусом». Художественнэ телевизионнэ фильм. Етlуанэ серие. 9.40 — мультфильм. 10.05 — футбол. СССР-м и чемпионат. «Спартак» — «Динамо» (Москва). Етlуанэ лъэхъэнэ. 10.55 — «Дунеяплъэ къэзыкlухьхэм я клуб». 11.55 — «Лэгъупыкъуэ». 12.30 — Зэман. Хъыбарыщlэхэмкlэ телевизионнэ службэ. 15.30 — хъыбарыщlэхэмкlэ телевизионнэ службэ. 15.45 — «Музыкальнэ къулеигъэхэр». Л.—В. Бетховен. Ебгъуанэ симфоние. 16.55 — документальнэ фильмхэр. 17.25 — «Поэзием хухаха дакъикъэхэр». 17.30 — сабийхэм хухаха сыхьэт. 18.30 — Зэман. Хъыбарыщlэхэмкlэ телевизионнэ службэ. 19.00 — «Ленинырщlэдджыкlкlэрэ». Политическэ уэсят. 19.30 — щlалэгъуэм уэрэд жеlэ икlи къофэ. 19.45—зэхъуэкlыныгъэ: къапэщыт къалэнхэмрэ ахэр зэрагъэзащlэ щlыкlэмрэ. 21.00 — Зэман. Хъыбарыщlэхэмкlэ телевизионнэ службэ. 21.45 — коллаж (рекламэ, информацэ, хъыбаregъащlэ). 21.50 — фильм-балет. 22.45 — М. И. Бабанова и усэхэр. 23.45 — хъыбарыщlэхэмкlэ телевизионнэ службэ. 00.00 — ВЛКСМ-м и XXI съездым и дневник.

Етlуанэ программэ. 8.00 — пщэдджыжь гимнастикэ. 8.15—щlэныгъэ-популярнэ фильм. 8.35, 9.35 — природоведенэ. 3-нэ класс. 9.05, 10.05 — нэмыцэбзэ. 10.35, 11.35 — общэ биологие. 10-нэ класс. 11.05—щlэныгъэ-популярнэ фильм. 12.05 — документальнэ фильм. 12.35 — концерт. 13.05 — етlуанэу ягъэлъагъуэ фильмым и махуэ сеанс. «Первые радости». Етlуанэ Iыхьэ. «Необыкновенное лето». Етхуанэ серие. 14.10 — бадминтон. Европэм и чемпионат. 17.00 — документальнэ фильм. 17.30—«Стlолыщкlэ теннис». 18.00 — Алма-Ата къратыкl къэтынхэр. 20.55 — О. Сулейменов. — «Земля, поклонись человек» поэмэр.

Щlыпlэ программэ. 17.00 — «Дэ езым дощlыжыр». Хьэсэней поселкэм щыlэ ку-рыт школым къратыкl (балъкъэрыбзэкlэ). 17.20 — документальнэ фильм. 17.50 — «КПСС: къэщlэрэщlэжыныгъэм пыщlа Iуэхугъуэхэр». Пропагандист Бажэ А. (адыгэбзэкlэ). 18.15 — телевизионнэ фильм. 18.25 — сабийхэм папщlэ мультфильм зэхуэхьэсахэм я программэ. Адыгэбзэкlэ. 19.25 — «Родео». Документальнэ фильм. 19.35 — «Республикэм и махуэ». 20.00 — нэхулъэфI фыкъыкI, цIыкIухэ! ЦТ. 20.15 — «Цlыхумрэ законымрэ». Телевизионнэ журнал.

Р

Апрелым и 11

7.30—7.35 — газетым итххэр. 7.45—8.00 — эстраднэ музыкэ. 17.15 — хъыбарыщlэхэр. 17.30 — Балъкъэр Ф. и усэхэм теухауэ. 17.45 — Къэбэрдей-Балъкъэрым и композиторхэм я лирическэ уэрэдхэр. 18.15—18.25 — «Сабийхэм ятеухауэ балигъхэм папщlэ».

ДИ ХЭЩIАПIЭР: 360000. Налшык къала Лениным и цlэкlэ щыlэ урам. 5. епщlанэ къат.



ТЕЛЕФОНХЭР:

редакторым	— 2-21-64
приемнам	— 2-22-89
редакторым и заместителхэм	— 2-21-86 — 2-22-84
ответственнэ секретарым	— 2-22-82
секретариатым	— 2-21-88 — 2-85-49

ОТДЕЛХЭР:

парт лэжьыгъэмкlэ	— 2-22-66 — 2-22-80
идеологиемкlэ	— 2-22-88 — 2-80-53
экономикэмкlэ	— 2-57-58 — 2-22-86
хъыбарыщlэхэмкlэ	— 2-63-64
письмохэмкlэ	— 2-6... 31
залэкlакlуэхэм	— 2-85-36
сурэттехым	— 2-85-76
корректорхэм	— 2-60-27
газет цехым	— 2-35-60

КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и издательствэ

Ч 00590 Заказ № 3181

Редакторыр МЭЗЫХЬЭ Борисщ.